

GA-1732
(Dokiman pou etid)

Jerans Kòm Yon Disiplin Espirityèl ak Tout Aplikasyon li yo Pou 21^e Syèk la

Dokiman pou etid sa se yon repons a GA-1535 ki te bay « Center for Faith and Giving » pèmasyon pou yo prepare yon Dokiman pou etid sou Konpreyansyon Jerans lan kòm yon disiplin espirityèl ak tout aplikasyon li yo pou 21^e syèk la.

Tab Matyè yo

PWEN DEPA AK DIREKSYON.....	1
TEMWANYAJ BIBLIK AK AFIMASYON TEYOLOJIK SOU SIJÈ JERANS LAN	2
Abondans ak Atansyon pou nou bay Tè a	3
Saba	4
Jerans : Yon Atanson Afektyez ke nou genyen pou Kò a ak Lespri a.....	6
Jerans ak Levanjil la.....	7
Jerans lan ak Resous yo, Lanjan ak Posesyon.....	8
Jerans ak Jenerozite	12
Jerans lan ak Jijman.....	17
Jerans ak Ladim	19
Jerans ak «Levanjil Pwosperite a»	21
Jerans se yon Transfòmasyon	23
DÈNYE MO YO.....	25
IPOTÈZ :.....	26
KONSIDERE SIGJESYON SA YO	27
APLIKASYON PRATIK POU JERANS LAN POU TAN NOU AK POZISYON NOU	
NAN 21^E SYÈK LA	29

Pwen Depa ak Direksyon

Dokiman sa se yon repons a yon travay yo te mande pou yo fè nan Asanble Jeneral (GA 1536) ki te fèt nan lane 2015 nan Columbus, Ohio. Reyinyon sa te fèt pou yo ofri Legliz Kreyen (Disip Kris) la yon dokiman pou yo etidye ak reflechi sou sijè jerans lan; espesyalman sou *konpreyansyon jerans lan kòm yon disiplin espirityèl ak tout aplikasyon li yo pou 21^e syèk la*.

« Center for Faith and Giving » lan, ke yo bay responsabilite sa, pral prezante nan reyinyon Asanble Jeneral la, 8-12 jwiyè 2017, nan Indianapolis, IN, yon refleksyon biblik, yon seri afimasyon ak kèk rekòmandasyon pou legliz la reflechi sou yo, ak yon

angajman pou yo kreye epi konsève resous ki ap itil pou nou kontinye etidye plis an pwofondè sou sijè jerans lan a lon tèm.

Dokiman sa pèmèt nou analize plizyè dokiman bibliik diferan ki gen rapò ak jerans epi nou espere ke legliz la ap kapab konprann e metrize nosyon eleman tè sa yo. An plis, dokiman sa prezante yon aspè teyolojik ki la pou li ankouraje dyalòg ak konvèsasyon nan legliz la sou sijè jerans lan, epi kisa sa vle di sèvi kòm jeran an tan ke endividi, antan ke kominote epi antan ke yon pati enpòtan nan bèl kreyasyon Bondye a.

Nou ap pwopoze kèk ipotèz sou aplikasyon pratik ki nan dokiman sa, si nou deside aplike apwòch ke nou prezante nan dokiman sa, nou kapab prevwa kèk konklizyon ki potansyèl. Nan denyè paj dokiman sa, nou pwopoze kèk sijesyon ki kapab ede nou reponn a pwoblèm sa kote ipotèz/konklizyon yo kapab entèfere ak kontèks 21^e syèk la. Nou rekonèt ke tout moun ka pa dakò ak ipotèz oubyen ak konklizyon sa yo. Li akseptab paske objektif egzèsis sa, se pa pou nou tout panse menm jan sou sijè jerans lan. Objektif nou se pou nou kapab defini sa yon jeran ye epi pou nou kapab diskite sou sijè sa. Nou rete kwè ke legliz, ki ranpli ak sajès, ap kapab dekouvri kijan yon jeran sipoze ajè nan yon kontèks ki inik, kote nou jwenn endividi ak kominote moun ki kwè yo ki ap viv ansanm.

Sa nou ta renmen akonpli nan travay sa se konsèvasyon resous yo, epi tou sa se yon rezilta lojik de travay ke nou te fè pandan yon pakèt tan eke nap kontinye fè, se poutèt sa: 1) Valè enfòmasyon ki tap nesè pou nou ta prezante yon etid ki pi pwofon pa tap kapab antre nan yon dokiman tankou sa; 2) Pwiske kontèks la toujou ap chanje, nou dwe genyen yon apwòch ki fleksib pou nou kapab ajiste nou ak klima sosyal e politik kontanporen an ki ap dikte ton ak tout atansyon ke nou ap bay a deklarasyon ki nan dokiman sa; epi 3) Kòm nou nan yon tan kote nou gen aksè a plizyè enfòmasyon gras ak aparèy elektronik yo, si yon moun ta renmen jwenn plis enfòmasyon ki mwen chè oswa ki gratis epi kote ou gen aksè san limit, li fasil pou ou jwenn yon pakèt dokiman ki pi konplè toujou epi ki genyen plis varyete.¹

Paske legliz la resevwa dokiman sa, li pèmèt nou al devlope plis resous toujou nan menm vizyon 'Disip' yo sou sijè jerans lan, pou nou kapab etidye ak reflechi nan deseni kap vini an.

Temwanyaj Bibliik ak Afimasyon Teyolojik sou sijè Jerans lan

¹ «Center for Faith and Giving» prevwa yon pòtay sou sitwèb nou an ki bay aksè ak yon pakèt videyo, atik, disètasyon, kouwikoulòm ak yon gwo bibliyografi. Ou kapab jwenn anpil materyèl ki gen rapò avèk sijè jerans lan. Sou plizyè pwen «Center for Faith and Giving» ranpli manda sa a. Men tou, pòtay sa kapab sèvi kòm santral kote nou kapab konekte epi idantifye plizyè ministè ki gen rapò ak jerans lan. Pa egzanp, sou sit «Center for Faith and Giving» gen plizyè lyen ki ap dirije ou dirèkteman sou paj ministè «Green Chalice» ki nan divizyon «Home Missions», gen on pakèt resous pou Disip yo la. Lyen sa yo kapab ba ou yon lis materyèl sou sijè jerans ekolojik ke nou jwenn sou sitwèb CFG ya. Yon rejis konsa ke nou jwenn sou sit wèb CFG epi ki gen menm materyèl ki sou sit «Green Chalice» lan ap pèmèt nou aksede ak dekouvri enfòmasyon nou ap chèche a pi rapid. Nou wè tou ke asosyasyon sa reprezante yon apwòch olistik ak yon vizyon ki ap ajè kont fenomèn mityèl mòso de jerans lan.

74 *Jerans biblik la, si nou vle bay yon definisyon ki laj, se kijan nou dwe jere ak entansyon*
75 *tout resous (tout sa ki ap viv sou latè epi ki soti nan tè a ak tout pwodi li yo) nan non mèt*
76 *lejitim yo, ki se Bondye.*

77
78 **Abondans ak Atansyon pou nou bay Tè a :** Nou kapab wè baz biblik ak teyolojik sijè
79 jerans lan nan istwa kreyasyon an. Pwezi Jenèz premiye a ap montre nou plezi ke
80 Bondye pran nan tout si ki sòti nan Imajinasyon Divinn nan. Chak jou, se te toujou
81 menm konklizyon an: « Li wè-l bon. »² Menm nan sizyèm jou a, li pa sèlman wè sa li fè a
82 bon, men li wè li bon « nèt ».³ Jan nou wè Bondye abrase mond materyèl la, byen ke li
83 pa gen menm essans avèk nou, deja montre nou kijan relasyon nou dwe ye ak mond
84 lan. Bondye ak mond lan gen yon lyen ke nou pa ka separe. Pi lwen ou pral remake ke
85 chak desizyon youn nan yo pran, li afekte lòt la nan yon fason oubyen nan yon lòt.
86 Entèrelasyon sa se yon avantaj Bondye ba nou – epi kapasite sa lòm genyen pou yo
87 chwazi ak deside montre nou a klè ke lòm te kreye a limaj Bondye. Sa vle di ke nou
88 kapab chwazi renmen ak obeyi Bondye jan li vle-L la.

89
90 Pandan istwa kreyasyon an ap dewoule, nou kapab wè a klè ke abondans lan nan plan
91 Bondye. Tèks la di nou genyen anpil kreyati vivan (gwo zwazo kap vole, tout kalite bèt
92 mache, tout bèt ki nan dlo kap naje)⁴ epi genyen anpil manje pou tout kreyati Bondye yo
93 paske li di : « Mwen ban nou tout kalite plant ki bay grenn ak tout kalite pyebwa ki bay
94 fwi ak grenn pou nou manje. »⁵

95
96 Yon lòt egzanp ki montre nou genyen abondans epi se yon bagay ke Bondye vle menm
97 ki pou rete, se nan premye pòsyon kòmandman ou pwomès Diven an : « fè pitit, fè anpil
98 anpil pitit mete sou tè a... »⁶ Abondans ki genyen nan tè a li renouvle pou kont li epi li pa
99 janm fini. Tout kalite plant yo bay grenn epi tout kalite pyebwa yo bay fwi ak grenn
100 pèmèt genyen yon sik ki etènèl epi ki pèmèt plant yo plen ak grenn epi branch yo plen ak
101 fwi. Genyen ase pou nou tout. Bondye konble tout kalite *bezwen* kreyasyon an te kapab
102 genyen.

103
104 Pakont, konsèp abondans ak byennèt pou nou tout la, pa vle di ke nou dwe eksplwate
105 latè san nou pa reflechi. Pa gen anyen nan tèks sa ki di nou ke nou dwe jwenn tout sa
106 nou anvi ou byen tout sa nou bezwen. Fòk nou chwazi kijan na jere resous yo. Dezyèm
107 pati kòmandman ou pwomès Diven an di nou : «...Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa
108 sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan sèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache
109 sou tè a. »⁷ Kòm Bondye kreye nou a limaj li, tout èt imen dwe domine ak donte tè a
110 menm jan Bondye domine tout linivè. Bondye ap gouvène pou byennèt kreyasyon an.
111 Lèzòm dwe egzèse pouvwa sa yo te ba nou an menm jan Bondye egzèse pa li a. Se
112 objektif jerans lan.

² Jen 1:4; Jen 1:10; Jen 1:12; Jen 1:18; Jen 1:21; Jen 1:25

³ Jen 1:31

⁴ Jen 1:20, 1:24

⁵ Jen 1:29-30

⁶ Jen 1:28a

⁷ Jen 1:28b

Jerans lan, menm si yo pa mansyone li nan pwezi Jenèz la, nou kapab di ke lide a la. Bib la di : « Bondye di : « Se pou... »⁸ epi pi lwen li di : « Se pou Senyè a tè a ye ansanm ak tou sa ki sou li... »⁹ Tout afimasyon sa yo raple nou ke nou se kreyasyon an, nou pa Kreyatè a. Mond lan, pwodwi li yo ak tout sa ki abite sou tè a, se pou Bondye yo ye. Èt imen yo ki ap egzèse dominasyon yo, se nan non Bondye yo fè li. Se sa ki fè li enpòtan pou nou aji menm jan Bondye ta va aji, se rele obeyisans. Se jeran nou ye, nou pa mèt tè a. Paske nou genyen kapasite pou nou mouri, sa fè nou konprann ke se lokatè ke nou ye, nou se aksyonè (menm jan nan yon konpayi) nan bout tè sa nou panse nou posede a. Nou responsab de kijan nou eksprime ak egzèse dominasyon nou. Genyen konsekans ki mache dèyè yon bon jerans ak yon move jerans.

Nan dezyèm istwa kreyasyon an (Jenèz 2 :4b-25), prezantasyon an klè kote li montre èt imen an se yon gadyen. Jenèz 2 :15 di nou ke : « Senyè a, Bondye a, pran nonm lan, li mete-l nan jaden Edenn lan pou-l travay li, pou-l pran swen-l. »¹⁰ Lòm genyen yon misyon, lè li deside ranpli wòl pou li pran swen jaden an, li fleri. Non sèlman se yon aspè nan jerans lan, men li nan avantaj tout sa ki abite nan jaden an, lòm ladan-l tou! Genyen yon lyen ki egziste ant sante planèt la ak sante tout sa ki ap viv sou li. Jaden an te konsidere takou paradi, se vre, men sa ki te pèmèt li paradi a, se prezans Bondye ki te la¹¹; se pa paske lòm pat bezwen travay. Lè nou aji kòm yon jeran, se reponn nou ap reponn ak apèl chak èt imen.

Saba : Tèm sou tou 2 sijè: abondans ak relasyon yo kontinye nan setyèm jou a : Saba a. Lè nou deside obsève Saba tout bon, se yon mwayen Bondye anplwaye pou li montre nou ke li pran swen nou selon sa *nou bezwen*. Li travay pandan sis jou, men li te gen pwovizyon pou sèt jou. Men sa nou rele abondans lan! Nou pata dwe pè pou famin oswa pè pou nou pa jwenn sa nou bezwen; sa pata dwe motive ni defini jan nou panse.

Saba reprezante nati relasyon ant Diven an ak imen an. Sa raple nou ke nou te kreye, e ke nou pa Kreyatè a. Se pa akòz de pakèt aktivite nou yo ki fè mond lan egziste. Se paske Bondye gen yon nati ki ap pran swen kreyati li yo ki fè mond lan egziste. Bondye komande nou pou nou repoze epi Li mete prensip repo andedan kresyon an menm. Si nou pa respekte li, se paske nou refize aksepte jenerozite Bondye e li ap fè nou bliye kiyès nou ye. Nou bliye sa nou ye (kreyasyon) epi kiyès ki mèt nou (Kreyatè a).

Anpil pasaj nan Bib la ap pale de Saba epi yo dakò ak sijè sa yo. Egzòd 16 ap rakonte nou istwa lamàn nan dezè a epi li montre nou pi lwen, abondans ak pwovizyon. Non sèlman yo ap pale de pen ke Bondye ap bay¹², men chak kay te genyen kantite yo te bezwen an¹³. Si yon moun te deside akimile lamàn nan (sere yon ti gout pou demen maten, paske yo pè pou yo pa jwenn ankò oswa paske yo ava oswa yo parese), nan

⁸ Jen 1 :3

⁹ Sòm 24 :1

¹⁰ Jen 2 :15

¹¹ Jen 3 :8

¹² Egz 16 :15

¹³ Egz 16 :18

demen yo t'ap jwenn li plen vè, li t'ap gate¹⁴ (sof pou jou Saba kote yo te gen dwa pran yon doub mezi epi li patap gate. Eske pèp Izrayèl la ap kwè tout bon ke Bondye kapab delivre yo? Kòm nou se Legliz Kreyèn, lè nou li iswta lamàn sa, nou sonje priyè Jezi a « manje nou bezwen an, ban nou-l jodi a »¹⁵ Eske nou kwè ke Bondye ap pran swen nou?

Dis kòmandman yo nan Egzòd 20 di nou ke nou dwe respekte jou Saba paske Bondye te repoze li epi li mande tout kreyasyon an pou li fè menm bagay la.¹⁶ Li enpòtan pou nou di ke se tout kominote a ki dwe repoze; sèvant yo, etranje yo, ak tout bèt yo pran pou yo pote chaj yo. Lòd sa te bay pou tè a tou nan Levitik 25, menm si sik repo pou tè a kalkile pa ane,se pa pa jou.¹⁷ Tout bagay bezwen repoze. Bondye fè pwovizyon epi nou gen posibilite pou nou repoze. Yon pati nan kreyasyon an pa gen dwa anpeche yon lòt pati jwi dwa sa.

Yon lòt aspè nan Dis Kòmandman yo nan Detewonòm 5 fè nou konprann relasyon ant Diven an ak imen an nan yon lòt dimansyon. Nou wè ke rezon ki fè nou dwe obsève Saba a, se paske pèp Izrayèl la te delivre anba men Farawon epi Bondye te libere pèp li nan esklavaj. Nou deside di sa nan seksyon sa paske nou remake genyen yon enpòtans ekonomik ki egziste epi lè nou ap pale de jerans, li genyen rapò avèk lajan ak sistèm ekonomik yo. Gen chèchè ki panse ke Dis Kòmandman yo ap pale de relasyon sosyo-ekonomik plis ke yon kòd moral.¹⁸ Nan Detewonòm 5 :12-15, nou kapab obsève yon seri pwen ke nou genyen pou nou devlope aprè.

Premyèman, lè nou ap obsève jou Senyè a, sa raple nou kote Bondye te delivre pèp Izrayèl la ak gwo ponyèt li (se pa sèlman yon rapèl ke nou dwe repoze nan setyèm jou kreyasyon an). Esklav yo pa konn jwen yon jou pou yo repoze, men libète yo viv la, se pa akòz pwòp fòs pa yo yo jwenn li, men se a kòz « gwo fòs ponyèt li ».¹⁹ Dezyèmman, rezon ki fè esklav yo te ap travay anba pouvwa Farawon an, se te pou yo te fè brik yo ta pral voye nan lòt vil; Farawon te pè pou dye pa li yo pa pwodi ase. Twazyèmman, relasyon Izrayèl ak Lejip la te sou yon baz *ekonomik* (mèndèv la pat chè epi lame Lejip la te fòse yo pou yo travay). Farawon te pè pou li pa pwodwi ase brik epi relasyon pèp Izrayèl la te genyen ak dirijan Nil la te baze sèlman sou kapasite yo pou pwodi materyèl pou konstriksyon.

Bondye pa gade sou kapasite Izrayèl genyen pou li pwodwi pou li kapab delivre li. Se yon chwa Bondye fè, paske li te tandè kri doulè yo, pou li delivre yo. Se pa pou lajan ak sa Izrayèl posede, men se akòz valè Bondye mete nan pèp sa ki se kreyasyon li. Bondye pat chwazi pou li delivre pèp Izrayèl la pou li kapab kreye yon lòt mèndèv.

¹⁴ Egz 16 :20

¹⁵ Mat 6 :11

¹⁶ Egz 20 :8-11

¹⁷ Lev 25 :1-7

¹⁸ Pou plis enfòmasyon, konsilte: Walter Brueggemann: *Money and Possessions*, Interpretation; John Knox Press 2016. pp15-33.

¹⁹ Egz 5:15

Li enpòtan pou nou kapab fè diferans sa. Alyans Bondye chita sou relasyon, se pa sou yon kontra ekonomik li chita; sa pral afekte relasyon moun ki fè pati pèp la. Pa egzanp, si nou pran kòmandman pou nou respekte manman nou ak papa nou.²⁰ Nan yon sistèm sosyal ki bay lavi ya valè sou kalite ak kantite yon moun kapab pwodwi, li kapab difisil pou onore yon paran ki granmoun epi ki paka bay kontribisyon li nan pwodiksyon an. Dezyèm pati nan Dis Kòmandman yo ap pale de kijan nou kapab viv nan yon kominote epi sa nou sipoze wè nan relasyon yo. Si nou vle viv an pè ak vwazen nou, sa vle di nou dwe respekte kòmandman ki di nou pa dwe pote lanvi sou sa ki pa pou nou. Rapò sa genyen avèk jerans, nou pral devlope li pi plis lè nou pral diskite sou byen materyèl ak byen finansye yo.

Jerans : Yon Atanson Afektyez ke nou genyen pou Kò a ak Lespri a : Refleksyon jwif la pa konprann ke nou posede kò nou, men yo panse ke nou se yon kò. Lide separasyon ant kò a ak lespri a, nou wè li sèlman nan yon ti pati Nouvo Kontra, epi se nan fen an nou wè yo pale de li. Jezi ak Pòl te konprann lide sa pou nou renmen Bondye ak kò nou, ak lespri nou ansanm ak nanm nou. Mouvmant nyostik ak mouvmant asetik yo tap devlope an menm tan epi adedan premye legliz yo. It is true that gnostic and ascetic movements grew alongside of and within the early church. Nou pap di pa gen avantaj nan rejte kèk siyal kò (lachè) nou voye ba nou pou lespri nou kapab genyen plis fòs. Sa nou di tou, sè ke Bondye te di nan sizyèm jou a, ke kreyasyon materyèl la (ki enkli tout kreyati imen yo ki gen kò) te « bon nèt ».

Imaj sa pa sèlman afekte pèsèpsyon nou genyen sou valè kò nou, men li afekte pèsèpsyon nou sou tout lòd kreyasyon an nèt. Nou te ka menm ale pi lwen toujou nan pasaj apokaliptik lan ki di ke menm «lòt syèl ak lòt latè»²¹ ap materyèl, men nou ka imajine li pafè (ki paka gate). Lè nou etidye de pasaj sa yo : «Kay Bondye a se nan mitan moun l'ap ye»²² epi kote yo di Bondye ap toujou bay « bwè dlo gratis »²³, yo fè nou konprann ke Wayòm sa pap esprityèl sèlman, men li ap genyen yon nati ki fizik. Si yo ap di ke fòm sa ap dire pou letènite, sa fè nou konprann èt materyèl yo.

Lè Pòl ap di Women yo pou yo «ofri kò yo ba li (Bondye) tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi...»²⁴ nou konprann se de sanktifikasyon li tap pale (sa vle di li konprann ke kò a ak lespri a, yo tou de relye anpil paske sa nou ap fè ak kò nou genyen yon enpak sou lespri nou). Men, nou dwe konnen ke lè nou ap ofri kò nou tankou yon ofrann, sa vle di pou nou bay sa ki pi bon nan nou an. Yon kò ki brize pa abi oswa pa yon seri move zak ki ap afekte sante nou, li pa reprezante pi bon «ofrann vivan» nou te ka pwodwi! Yon kò konsa paka revele tout kapasite ofrann nan epi li pakapab montre pi bèl aspè ki nan li yo. Se sa ki fè ke, lè nou pa pran swen tèt nou, se yon move jerans nou ap fè de bèl kado sa.

²⁰ Pou plis enfòmasyon sou lide sa, konsilte : *Sabbath As Resistance*, Walter Brueggemann, John Knox Press, 2014.

²¹ Rev 21 :1

²² Rev 21 :3

²³ Rev 21 :6

²⁴ Wòm 12 :1

Nou dwe onore kò a. Li pote richès Bondye levanjil la²⁵ epi li se tanp Sentespri a.²⁶ Lè nou pran swen kò a, ki vle di pran tan pou repoze (ki gen lyen ak jou Saba a), rejenerasyon ak bay kò a sa li bezwen pou li djanm, yo tout relye a jerans lan. Lè nou ap pale de pwoblèm swen sante ki ta dwe aksesib pou tout moun, li genyen rapò ak jerans lan tou. Tout sa ki gen rapò avèk pwoblèm sante, ke pwofèt yo, Jezi ak apot yo te di, se nan volonte Bondye pou nou kapab geri. Lè yon moun malad, li separe li de kominote a, epi lè nou paka geri yon maladi, sa anpeche moun nan viv byen. Sa vle di ke lè nou ap investi resous nou yo nan byen-èt lòm, se yon aspè nan bon jerans lan ki ap pèmet nou fòme kominote epi nou fèl viv lontan.

Jerans ak Levanjil la : «Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.»²⁷ Lè otè 1 Pyè a di sa, li fè eko ak sa Pòl te di nan 1 Korènt 4 :1, kote nou (legliz la) se «jeran Bondye mete responsab plan travay li yo ki te kache.» Mo grèk la klè. Nou pa bezwen entèprete li paske li dirèk : *oikonomos* ki vle di « jeran ».

Nou se jeran levanjil la. Moun ki ap swiv Jezi yo, ki te konfese lafwa yo, ki te batize nan dlo epi ki te jwenn kado Sentespri ya, yo tout se jeran – moun ki ap pran swen Bòn Nouvèl ke Lanmou Bondye pap janm fini pou kreyasyon an. Menm lanmò pa gen fòs sou Lanmou sa.²⁸ Lanmou sa te la lè kreyasyon an te fèt, epi nou wè li parèt nan lavi, nan lanmò, epi nan rezireksyon Kris la. Se istwa sa legliz la genyen, se trezò ki pi chè nou te kapab genyen, sa se devwa nou antan ke jeran pou nou rakonte istwa sa.

Jerans ak evanjelizasyon relye ansanm. Nou genyen yon limyè, yon lanp ki dwe briye epi nou pa dwe mete li anba yon mamit.²⁹ Travay sa senp men li tèlman genyen yon gwo enpòtans, sa ka parèt ke li dezekilibre. Fòk nou rakonte istwa nou paske li gen pouvwa pou li transfòme lavi moun. Lè lavi yo transfòme, yo gen pouvwa pou yo chanje mond lan. Lè nou pa jere levanjil la byen, non sèlman li pèmèt ke moun pa kapab wè pouvwa levanjil la, men istwa sa (ke nou rakonte e ke nou konnen antan ke Disip Kris) pap kapab rive jwenn jenerasyon ki ap vini aprè yo. Nou pa panse a lavi nou sèlman epi sou kijan nou pral fè pou nou siviv, men nou rekonèt ke genyen yon dimansyon Kretyèn ki pi enpòtan epi si nou pa pataje istwa nou ki ap pèmèt nou kontribye nan rivyè etènèl sa, anpil temwayaj ap pèdi.

Disip Kris yo te toujou gen tradisyon sa pou yo ankouraje ministè Andre ki te « mennen anpil nanm bay Kris ».^{30,31} Nan plizyè istwa nou aprann ke menm si Jezi pat vle sa, tout sa ki te wè pouvwa li epi ki te touche pa ansèyman li yo te vle pou yo pataje istwa Jezi a ak lòt moun.³² Lè ou kontre ak Kris la, ou kontre ak yon eksperyans ki vo la penn pou ou pataje.

²⁵ 2 Kor 4 :7

²⁶ 1 Kor 6 :19

²⁷ 1 Pyè 4 :10

²⁸ Wòm 8 :38-39

²⁹ Mat 5 :15

³⁰ Jan 1 :41

³¹ Kwa Sen-Andre a enskri sou gode nou yo pou nou raple nou de rasin Presbitè Ekòs la; Andre se Sen-Pwotektè Ekòs la.

³² Mak 1 :28;1:45; 2:7; 5:20; 6:56; ak 7:36-37 kòm egzanp.

271
272 Nan levanjil sinoptik yo, kote Jezi te monte nan syèl la, li pataje ak disip (legliz la) yo
273 misyon li genyen pou yo a ki se : «ale toupatou sou latè, anonse Bòn Nouvèl la bay tout
274 moun»³³ (Misyon sa ke li ban nou pou nou akonpli pandan li pa la fizikman, tankou yon
275 jeran ki tap pran swen kay mèl li pandan li pa la.) Anvan sa, Jezi te voye disip yo nan
276 yon misyon pou yo pale de Wayòm Bondye a.³⁴ Nan istwa kat evanjelis yo, lè Jezi ap
277 pale ak disip you, se avèk nou li ap pale, ak legliz. Se pa yon opsyon pou nou pataje
278 levanjil la; se vokasyon nou an tan ke moun ki ap swiv Jezi.

279
280 ***Jerans lan ak Resous yo, Lanjan ak Posesyon*** : N'ap kòmanse seksyon sa avèk lide
281 ke relasyon ant nou menm ak sa nou posede, trè souvan, yo karakterize li kòm yon
282 relasyon de chwa. « Pèsonn pa ka sèvi byen ak de mèl anmenmtan. Li gen pou-l rayi
283 youn si-l renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak youn, men l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab
284 sèvi Bondye ak lajan anmenmtan.»³⁵ Chwa a trè klè. Lajan se yon bon sèvitè men li pa
285 yon bon mèl. Fòk nou chwazi, men nou dwe konnen genyen konsekans ki mache ak
286 chwa sa. Si nou chwazi lajan pou sous sekirite nou ak kote nou deside rete fidèl, se
287 komsa nou ap pran dlo ak yon paswa. Pap gen anyen ki kapab fè nanm nou byen tout
288 bon epi n'ap toujou gen dezi pou nou gen yen «plis», epi «plis toujou» jouk tan kaba, sik
289 sa pap janm fini. Si nou apiye sou yon bagay ki pa etènèl, li pap janm kab satisfè nou
290 tout bon.

291
292 Lè ou deside bay lajan, ou montre se ou ki domine li. Lè ou pa kapab fè sa, se lajan ki
293 domine ou. Twa levanjil sinoptik yo rakonte nou istwa yon nonm (ki rich epi li se yon
294 jeran ki jèn) ki vini devan Jezi ak yon kestyon (yon kestyon ke anpil nan nou ta renmen
295 jwenn yon repons ki klè) : «Kisa pou m fè pou m resevwa lavi ki p'ap janm fini an?»³⁶
296 Jezi kòmanse reponn li epi li te site dezyèm pati nan Dis Kòmandman yo, bagay ki
297 pèmèt nou kapab viv ansanm nan yon kominote. Aprè sa, Jezi tandè repons nonm nan
298 ki di li « mwen fè tout bagay sa yo depi m te tikatkat,» epi li mande li pou li ale pi lwen. «
299 Vann tout sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa, w'a gen yon richès nan syèl
300 la. Epi vin swiv mwen.»³⁷

301
302 Jezi mande nonm nan pou li fè yon chwa : Bay lajan ou epi investi li nan Wayòm nan
303 (pran swen pòv yo) epi swiv mwen, oswa rete ak sa ou posede epi pèdi sa ki pi enpòtan
304 an. Swa youn oswa lòt. Nonm nan ale tou tris, paske li te posede anpil bagay, oswa
305 menm jan nou te di anvan, posesyon li yo te domine li. Li pat fè bon chwa a, paske li te
306 chwazi richès li yo ki pa gen lavi olye pou li te chwazi Bondye ki bay lavi a. Fòk nou pa
307 souzestime pouvwa posesyon nou yo kapab genyen sou nou.

308
309 Nou kapab jwenn sous desizyon nan de premye kòmandman yo : «Piga nou gen lòt
310 bondye pase mwen menm sèlman; epi pigas nou janm fè okenn estat ni okenn pòtre ki
311 sanble bagay ki anwo ou ankò nan dlo anba tè a.»³⁸ Premye Kontra raple nou, anpil

³³ Mat 28:20; Mak 16:15; Lik 24:47

³⁴ Mat 10:7; Mak 6:12; Lik 9:2

³⁵ Mat 6:24

³⁶ Mat 19:16-30; Mak 10:17-31; Lik 18:18-30

³⁷ Mak 10:21

³⁸ Egz 20 :3-4

312 fwa, ke sa nou posede paka sove nou. Lè Jozye t'ap prepare pèp Izrayèl la pou yo
 313 travèse Jouden an, tè pwomiz la, li raple moun yo ke Bondye te manifeste pouvwa li a
 314 pou pèp la, epi li mande yo pou yo pran yon desizyon : Eske yo vle sèvi Bondye oswa
 315 yo pral chèche lòt dye etranje?³⁹
 316
 317 Lè pèp Izrayèl la te angaje, li te deside (lè lide li di !!) pou li mete konfyans li nan
 318 Bondye; epi Bondye (toujou) te pran swen yo nan dezè a. Kounya, lè moman rive pou
 319 yo antre nan tè kote lèt ak myèl ap koule, eske yo ap sonje ki kote abondans lan sòti?
 320 Pwosperite kapab yon danje pou nou nan fason nou jere byen nou, menm pòvrete
 321 kapab yon danje pou nou tou. Lè bagay yo bon pou nou, eske nou bay jan nou ta
 322 sipoze bay? Eske nou toujou sonje kibò abondans nou an sòti? Oswa, nou panse se fwi
 323 travay nou ki mete nou la ou byen se chans ki fè nou byen konsa? Eske nou gen
 324 tandans pou nou gade moun ki pa rich yo mal, petèt paske nou panse se paresèz ki fè
 325 yo konsa? Genyen anpil avètisman (sitou nan Detewonòm 8) sou kijan nou jere lajan lè
 326 nou ap viv nan abondans. Pa bliye ki kòte pwovizyon sa sòti.
 327
 328 Li difisil pou nou rekonèt bagay ki ka fè nou pèdi bon jerans lan kòm disip. Yon
 329 tantasyon pa konn fè moun wè li fasil. An nou gade kijan sa te pase pou zansèt nou yo
 330 epi kijan tantasyon an te vini devan yo! « Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt... »⁴⁰
 331 Chwa ki te gen pou fèt nan jaden an, sete paske lòm t'ap chèche plis ke sa yo te ba li a
 332 ki te ase pou li a (yo ofri li pou li plis ke imen lè yo di li pou li manje fwi a pou li vini
 333 menm jan ak Bondye). Yon te chwazi pou yo te viv nan yon mond kote se yo ki ap
 334 deside sa pou yo fè, olye pou yo viv selon sa Bondye te vle. Konsekans yo te di anpil
 335 epi yo te menm deranje tout *relasyon* kite anndan kreyasyon an. Jerans lan, se lè nou
 336 rekonèt kiyès ki mèt tout bagay (Bondye) epi rekòtè « plas kote nou ye a » (nou gen
 337 responsabite plas sa kòm jeran) nan kreyasyon an. Epi, jerans lan se lè nou dakò ak
 338 « sa nou genyen » san nou pa gen vye dezi pou nou jwenn plis toujou.
 339
 340 Lè yon moun avaris, li pa mete konfyans li nan Bondye, li deranje relasyon nou ak lòt
 341 moun, li afekte jan nou jere resous nou yo. Rapò li genyen ak 7^e, 8^e, 9^e, epi 10^e
 342 kòmandman yo klè (yo entendi moun pou yo fè adiltè, vòlè, manti epi konvwate). Si yon
 343 moun pote lanvi sou sa yon lòt moun posede olye pou li apresye sa li genyen, sa fè nou
 344 pakap viv ansanm ak imen parèy nou. Lè yon moun pran plis ke sa li bezwen epi li
 345 anpeche yon lòt moun jwen oswa li bay manti pou li kapab fè lajan, sa se abize li abize
 346 vwazen li epi li pa kwè ke Bondye kapab pran swen li an abondans, ki se volonte
 347 Bondye pou tout kreyasyon an. Lè yon moun pè pou li pèdi sa li genyen akòz yon lòt
 348 moun, sa vinn fè moun sa toujou prèt pou li defann tèt li, li pa janm fè moun konfyans
 349 nan relasyon li genyen, epi li dakò pou li anpile yon pakèt posesyon ke li pa bezwen.
 350
 351 Jezi di : « Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè
 352 kapab vòlè yo pote ale. Okontrè, anpile richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni
 353 lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale. Paske kote richès ou ye, se la
 354 kè ou ye tou. »⁴¹ Menm si nou ta renmen kwè ke lajan nou ap swiv nou nan kè nou ak

³⁹ Joz 24

⁴⁰ Jen 3 :1

⁴¹ Mat 6:19-21

lespri nou lè nou ale, Jezi di nou yon lòt bagay. Li di nou ke nou kapab wè kondisyon kè nou lè nou gade kanè bank nou. Kote lajan ou ye, se la kè ou ye tou. Kanè bank ou (bidjè legliz la tou) se yon dokiman teyoloji.

Eske nou envesti nan Wayòm Bondye a (anpile richès nou nan syèl la), oswa nou envesti yon lòt kote? Eske nou bay anpil nan aktivite ki ap defann kòz malere yo, ki ankouraje inite ak lespwa, oswa nou ap chèche anpile bagay ki materyèl paske nou pa satisfè ak posesyon nou yo?

Kestyon avaris sa pa sèlman konsène endividi yo non. Enstitisyon yo tou konsène. Si yon moun vle byen jere resous yo ba nou kòm kominote ki kwè yo, fòk nou ta verifye propriyete nou yo, fon rezèv nou, ak tout resous nou posede (fizik, imen, spiriyèl) nan kominote a. Eske yo byen jere, nan sans misyon Bondye te ba nou an? Eske nou konprann sa misyon an ye? Kestyon egzistansyèl yo tankou «Kiyès mwen ye?» ak «Kisa pou mwen fè?» yo pa sèlman enpòtan pou endividi yo men yo enpòtan pou òganizasyon yo tou. Se yon seri de kestyon yon legliz ki konprann li se yon legliz ki refòme epi ki ap chèche refòme toujou ta dwe poze tèt li. Legliz sa ap chèche konnen sa Bondye vle pou li nan tan sa e nan plas sa.

Nou te remake ke relasyon nou ak byen materyèl nou yo, espesyalman ak lajan, se yon chwa li ye. Nou konsidere richès ak tout resous yo kòm valè ki net nan anpil pasaj nan Bib la ki. Vrè kestyon nou ta dwe poze tèt nou se ki relasyon nou genyen ak bagay sa yo? Kòman nou defini yo oswa kijan nou pèmèt yo domine nou? Otè 1 Timote a raple nou ke « renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal»⁴² Lè nou dezire pou nou genyen byen materyèl ak lajan pou sa yo ye epi pou sa yo ka ba nou, nou ka fè tèt nou mal epi nou ka fè lòt moun mal. Lè nou li dènye fraz la, anpil nan nou raple nou de ki dega sa te fè nan lavi moun oswa òganizasyon ki ranpli ak avaris epi ki ap chèche pou yo genyen plis bagay toujou. Dezi sa yo kapab kraze relasyon an miyèt mòso epi yo kapab gaspiye resous imen ak resous natirel yo.

Levanjil Lik la raple nou de yon nonm rich ki te gen yon tè ki te rapòte-l anpil. Li tèlman te nan abondans, li pat kab mete tout sa tè a te pwodi nan depo li yo. Pandan li ap pale ak tèt li (san pat gen moun epi san li pat konsilte Bondye), li di li ta pral kraze depo li yo epi li t'ap bati lòt ki pi gwo pou l mete tout rekòt li yo ak tout lòt byen li yo epi pou li «manje, bwè, pran plezi li.»⁴³ Pandan Jezi ap fin rakonte iswa, li di « Men, Bondye di li : Egare! Aswè a menm yo pral mande ou nanm ou. Tout sa ou te sere yo, pou ki moun y'a ye? Jezi di yo ankò : Se konsa sa ye tou pou moun k'ap ranmaswe byen pou tèt pa l men ki pa rich devan Bondye.»

Li enpòtan pou nou remake ke konvèsasyon sou eritaj trè enpòtan pou endividi yo ak tout legliz yo. Eske nou fè pwovizyon pou lè « yo pral mande nou lavi nou » (oswa lavi enstitisyon nou)? Lè nou konprann ke jerans lan se yon jerans ki gen rapò ak tout lavi nou, fòk nou diskite sou tout bagay tankou don ògàn ak kijan nou ta remen pou fineray yo fèt (konbyen sa ap koute espesyalman) epi deside sou konbyen nou ap bay

⁴² 1 Tim 6 :10

⁴³ Lik 12 :13-21

òganizasyon ki te chanje lavi nou oswa lavi lòt moun, li enpòtan. Lòt òganizasyon ki san bi likratif pa pè pou yo mande moun ki konn bay yo ak tout sipòtè yo pou yo reflechi a yon kado (pètèt li t ap pi gwo kado yon moun te ka bay) lè yo pral mouri. Eske legliz pata dwe mande sa tou?

Olye pou richès la distribiye nan tout kominote a pou byen tout moun, sa konn rive ke richès la se nan men yon ponyen moun, epi se sa ki lakòz anpil moun paka benefisye benediksyon richès la paske li pa distribiye nan tout kominote a. Lajan pat kreye kòm yon posesyon non, men li te sipoze yon mwayen echanj ki tanporè.⁴⁴ Eric Law raple nou ke « nou bliye ki bi orijinal lajan te genyen epi nou deside ranmase li tankou yon posesyon, olye pou nou kite li vwayaje tankou yon mwayen echanj, se sa ki fè nou gen pwoblèm ekonomik.⁴⁵

Nou wè nan kòmansman syèk sa kijan sijè jerans lan vinn enpòtan epi kijan li genyen yon enpak global. An Janvyè 2017, yo te repòte ke 8 moun te ranmase yon richès ki gen plis valè ke 50% resous tout popilasyon planèt la!⁴⁶ Gwo chif sa fè nou wè yon pwoblèm nan kijan nou jere resous yo pou byen tout moun epi pou lajan kapab transfere nan yon tan kote gen povrete global. Se vre, anpil nan «gwoup 8» sa yo bay anpil nan richès yo epi yo envesti nan pwogram ki ap ede sa ki pa genyen yo. Pakont, li patap enjis pou nou mande, lè yon pakèt moun pa menm gen ase pou yo viv menm, « Konbyen milia dola ou bezwen ankò lè ou finn jwen premye milia a?» Konsantrasyon richès la nan men ti gwoup sa, pandan ke yo aksepte pou genyen apwovizyonman epi sou sistèm lib-mache ekonomik la, pa respekte ankenn modèl biblik. Jis kilè nou ap apresye sa nou genyen?

Pwoblèm nan pa chita sèlman kote gen moun ki rich epi gen lòt ki pa rich. Pwoblèm nan se kote yo aksepte yon sistèm kote lajan transfere bay yon ti ponyen moun pandan setan yap peye malere ak yon salè ki pa menm ase menm, epi sa detwi menm moun ki ap pwodwi byen ak sèvis yo. Sitiyasyon an vinn pi grav toujou lè moun yo oblije al mande prete pou yo kapap achte ase pwodwi pou yo kapab viv paske yo pa fè ase lajan. Lè moun k'ap prete yo pa gen kè, to enterè yo men wotè, oswa yo mande pou yo ranbouse lajan nan yon tan ki pa fè sans ditou, sa vin fè ke moun ki prete kòb la paka sòti nan sik sa, kidonk plis lajan ap rantre nan pòch yon ponyen moun. Men nouvo Farawon an! Se menm pratik ansyen sa yo ap fè lè yo ap pran taks, lè yo fòse moun esklav, gouvènman ap volè lajan moun. Pwofèt yo t'ap kritike pèp Izrayèl la lè yo t'ap kòmanse fè menm bagay la paske yo t'ap dezobeyi a Iwa Bondye te ba yo, epi pwofèt yo te panse ke aksyon sa yo te fè ke pèp la te tonbe atè nèt epi yo egzile.⁴⁷

⁴⁴ Dr. Eric Law, *Holy Currencies*; Chalice Press, St. Louis, MO. 2013 p. 133ff

⁴⁵ Ibid

⁴⁶ Yo te bay enfòmasyon sa nan Oxfam epi nan CBS Evening News 17 Janvyè 2017. Bill Gates, 75 milia dola; Amancio Ortega, 67 milia dola; Warren Buffett, 60.8 milia dola; Carlos Slim Helu, 50 milia dola; Jeff Bezos, 45.2 milia dola; Mark Zuckerberg, 44.6 milia dola; Larry Ellison, 43.6 milia dola; Michael Bloomberg, 40 milia dola. Si nou adisyone tout sa, yo gen pouvwa ekonomik 3.6 milia moun, oswa anviron mwatye popilasyon ki nan monn lan.

⁴⁷ Amòs 2:6-7; 5:10-12; 6:3-7, 12; 8:4-6; IS 2:1-11; Miche 2:1-5; 6:9-15

Se konsa, legliz la oblije pou li enkli moun ki rich yo nan ministè a epi pou li reponn a bezwen espirityèl yo, olye pou yo fè yo parèt pou djab oswa ke yo merite kondane. Pandan chèchè yo nan legliz te di ke Bondye prefere moun ki pòv yo,⁴⁸ sa pa vle di pou nou pa asire nou ke moun rich yo byen nan mitan kominote a. Jezi di « l'ap pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegwi pase pou yon moun rich antre nan peyi kote Bondye wa a. »⁴⁹ Se konsa, li enpòtan pou legliz anseye moun rich yo sou responsabiltè yo genyen pou yo ede sa ki pòv yo ak opòtinite yo genyen pou yo leve diyite imen chak pitit Bondye. Men ki danje richès la genyen : 1) Kapasite pou li fè nou izole nou de soufrans moun ki bò kote nou, epi 2) Mete konfyans nou nan lajan olye pou nou mete konfyans nou nan Bondye, ki se rezon nou rele pou nou preche levanjil la.

Si yon moun di ke Bondye renmen pòv la pi plis ke moun ki rich la, se kòm si nou rejte lanmou ak gras Bondye pou chak endividi. Rich la ak pòv la tou de gen bezwen espirityèl epi fizik ke legliz la dwe ranpli. An menm tan nou konprann ke moun yo bay anpil, y'ap mande-l anpil tou.⁵⁰ Moun ki gen richès renmen konnen kijan yo depanse richès sa yo. Yo konnen kijan richès yo kapab fè lòt moun wè yo epi idantifye yo yon jan. Yo konnen tou ke si yo pa gen lajan, lòt moun ap wè yo epi idantifye yo yon lòt fason tou.

Jerans ak Jenerozite : Egzanp ak modèl nou genyen kòm moun Bondye, se yon modèl kote nou ap pataje resous yo. De Kontra yo di nou ke nou dwe pwoteje pòv ak malere yo nan yon fason ekonomik. Endikasyon yo gen lwa sou kijan pou yo rekòlte,⁵¹ sou kisa nou kapab pran kòm garanti lè n'ap prete yon moun lajan,⁵² sou enterè,⁵³ sou salè ki jis,⁵⁴ sou anilasyon dèt,⁵⁵ sou kijan pou nou trete moun ki pòv yo (vè, òfelin ak etranje).⁵⁶

Yo pale de pòv yo nan Detewonòm epi yo di : « Si ta gen yon pòv nan mitan moun pèp Izrayèl parèy nou yo k'ap viv nan youn nan lavil nan peyi Senyè a te ban nou an, pa fèmen kè nou, pa refize lonje men bay frè nou ki nan nesesisite. Okontrè, se pou nou lonje men ba li, na prete lajan pou l achte tou sa li bezwen... Se pou nou prete-l epi li

⁴⁸ Ansiklik Katolik 1891 an: *Rerum Novarum*, konsidere kòz pòv yo. « Laudado Si » Pap Fransis la fè yon lyen ant soufrans pòv yo epi anvironman ki ap depafini ki ap blese latè ak tout konsekans sa genyen sou pov yo ki ap viv efè yo sou tè a (chanjman klimatik) epi sou kò yo (polisyon). Tout sa yo se yon kondanasyon kont konsomasyon nou pa kontrole ak tout efè li genyen sou byenèt espirityèl nou e fizik nou. Disip yo ta dwe note nan istwa nou pa rapò a sijè sa ki enkli **GA 8735** « Sistèm ekonomik yo – Enpak yo sou Tyè monn lan – Kòmansman Etid » ki genyen yon seksyon sou Afimasyon Kreyen : *Tradisyon Jideo-Kreyen nan bay yon enpòtan espesyal pou kòz pòv yo epi li di Yon Kreyen ap chèchè nan chak sistèm ekonomik pou li kapab ede pòv yo.*

⁴⁹ Mat 19:24; Mak 10:25; Lik 18:25

⁵⁰ Lik 12 :48

⁵¹ Det 24:19-22; Lev 19:9-10

⁵² Det 24:6, 10-13

⁵³ Det 15:1-3; Det 23:19-20. Ou kapab li tou, Lev 25:35-37 and Egz 22:25.

⁵⁴ Det 24:17-18; Jacq 5:4

⁵⁵ Det 15:1-11; ou kapab li tou Lev 25:10

⁵⁶ Det 14:28-29; Det 26:12. Si ou vle li plis sou sijè bay moun ki pòv yo, ou mèt li tèks sa yo: Prov 19:17; Prov 22:9; 14:21; Prov 21:13; Is 58:7-8; Heb 12:16; Matt 5:42; 1 Tim 5:8; Luke 3:11; Jas 1:27

467 n'ap prete-l, se pou ou fè-l ak tou kè ou. Se konsa, Senyè a, Bondye nou an, va beni
468 nou nan tout travay nou, nan tou sa n'ap fè.»⁵⁷

469
470 Si nou obeyi a lwa sa yo fidèlman, nou ap wè yon enpak ekonomik pou pèp la, paske
471 Bondye te pwomèt si nou obeyi a kòmandman li yo, lap bay lavi ak pwosperite. Pou
472 Izrayèl ak tout tè li genyen pou li okipe, si li pa obeyi a kòmandman yo, Bondye ap retire
473 benediksyon li yo epi moun yo ap mouri epi yo pral tonbe nan esklavaj.⁵⁸ Sa ki ta bon
474 pou legliz fè, se pou tout moun ta mete sa yo genyen ansanm, kifè tout moun te genyen
475 yon kichòy nan kominote a⁵⁹. Li enpòtan pou nou konprann ke sistèm ekonomik sa se
476 pa yon kote yo fòse moun patisipe menm jan ak sosyalis, men se yon fason pou viv
477 kote tout moun egal nan nati yo, kote tout bagay rekonsilye nan Jezi-Kri. Pi lwen, nan
478 legliz la, pa ta dwe gen separasyon ant moun ki rich ak moun ki pòv, paske si nou fè sa,
479 nou peche.⁶⁰ An reyelite, si nou pa reponn a bezwen vwazen nou, se komsi lafwa nou
480 mouri.⁶¹

481
482 Si nou viv konsa nan monn nan, se yon manifestasyon apostolik ki soti nan lèzòm epi li
483 devèse nan monn nan, olye pou yon otorite fòse. Ofrann Pòl te mande pou pèp
484 Jerizalèm nan se yon egzann nan Nouvo Kontra. Pèp Jerizalèm nan te bezwen èd epi
485 Pòl te deside ranmase lajan nan lòt legliz yo ki an Azi Minè ak Grès.⁶² Nou kapab li sou
486 istwa ofrann sa nan fen premye live Korent yo,⁶³ kote Pòl ap anseye legliz la ki t'ap
487 prepare pou li vini. Li ankouraje moun Korent yo pou yo ranmase ofrann volontè sa nan
488 lòd. Chak semen, yo te dwe mete yon ti lajan apa, konsa yo pa tap bezwen tann lè Pòl
489 rive pou yo al chèche lajan an. Si nou wè lajan te ranmase pandan yon peryòd tan, sa
490 vle di ke lajan sa te anpil epi li ta pral sèvi pou yon bagay ki enpòtan. Li bon pou nou
491 reflechi sou kijan yo te pran san yo pou yo prepare ofrann sa lè nou ap bay ofrann nan
492 legliz nou yo. Se vre, lè nou ap pran tan pou nou prepare ofrann nou pral bay ak lè nou
493 genyen pou nou resevwa ofrann, fòk nou fè li byen.

494
495 Nan 2 Korent lan (chapit 8 ak 9) yo bannou plis detay poukisa Pòl t'ap ranmase lajan
496 pou pèp Jerizalèm nan. Li enpòtan pou nou wè ke Pòl pat fè moun yo santi yo mal,
497 byen ke li te pale de lògèy moun Korent yo lè li di yo pou yo pa bay sa yo pa genyen a
498 kòz moun Masedwàn yo.⁶⁴ Pandan li fè remak ke moun Korent yo fè anpil bon bagay, li
499 ta renmen yo bay anpil tou. Nan pati sa, se yon egzamen konsyans ak yon evalyasyon
500 sou sa nou kapab fè kòm endivid. Pòl te vle fè yon balans ant richès ki lakay moun
501 Korent yo ak pwoblèm ki genyen kay moun Jerizalèm yo, avèk yon posibilite pou moun

⁵⁷ Det 15:7-8, 10-11; Jezi te di menm tèks la nan Mat 5:42.

⁵⁸ Det 30:15-20

⁵⁹ Tra 2:43-47; 4:32-37

⁶⁰ Jak 2:1-10

⁶¹ Jak 2:14-16

⁶² Yo pa di si ofrann sa se te pou moun ki pòv yo nan Jerizalèm, osinon si legliz Jerizalèm nan ta pral pataje lajan bay moun ki bezwen lajan yo. Si se dezyèm opsyon an, nou te kapab di ke li enpòtan pou nou genyen yon fon pou misyon, tankou Fon pou Misyon Disip (ki te fè sa akòz pasaj sa). Nan de opsyon yo, Legliz Kretyèn genyen misyon pou li ede tout moun, «depi nan pa pòt kay la pou rive nan dènye bout tè a». Li trè enteresan pou yo fè yon ofrann nan lòd pou moun ki pa nan kominote a men pou lòt kominote nan lafwa.

⁶³ 1 Kor 16 :1-2

⁶⁴ Pi lwen, li pral di ke li pata renmen pou yo fè li wont si yo pa bay jan yo konn bay an gran jan. Li te pale de kapasite yo genyen pou yo bay ak kè kontan ansanm ak fyète yo. 2 Kor 9:3-5

502 Jerizalèm ede moun Korent yo yon lòt lè. Pòl pale de istwa nou te eksplike nou anvan
 503 nan Egzòd 16 sou lamàn nan dezè a « sa ki te ramase plis yo pat gen twòp, sa ki te
 504 ranmase pi piti yo pat manke anyen. Konsa, chak moun te ranmase mezi yo te bezwen
 505 pou yo manje.»⁶⁵
 506
 507 Pòl te vle fè moun yo konnen ke kado sa, ofrann sa te dwe jenere lè li te di sa Jezi-Kri
 508 te di « Li menm ki te rich, li fè tèt li tounen pòv pou nou.»⁶⁶ Sa vle di ke lè nou deside
 509 bay yon kado oswa yon don, fòk li genyen yon enpòtans. Jenerozite sanble ak Jezi. Fòk
 510 li koute yon bagay oswa fòk ta genyen yon sakrifis ki fèt. Kòm nou se disip, nou dwe
 511 bay san nou pa kalkile. Pòl avèti nou ke lè ou simen anpil, ou gen pou ou rekòlte anpil,
 512 kidonk ou gen dwa simen anpil epi atann ou pou ou rekòlte anpil. Pòl fè nou konprann
 513 ke lè ou ap bay, se volonte ou ki ap aji, se yon chwa ou fè. Nou dwe bay san kè kase
 514 paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan!⁶⁷ Lè ou wè ou genyen kapasite pou
 515 ou bay, ou ta dwe fè yon aksyon de gras pou sa, non sèlman ou genyen ase pou tèt ou,
 516 ou *genyen plis toujou!* Lè ou wè ke sa ou ap bay la ap fè yon diferans nan mond nan epi
 517 se nan non Wayòm nan ou ap travay, sa ou vle ankò? Lè ou konnen ke gen yon moun
 518 ki pral manje, pral genyen yon kay pou li abite, ki pral santi li byen ou byen ki pral geri, li
 519 ta sipoze fè kè nou an jwa!
 520
 521 Pòl di ke nou pa dwe pè pou bay, paske nou gen konfyans ke Bondye ap ban nou pou
 522 nou bay. Ou ka bay lè ou panse konsa, lè ou pa genyen, ke Bondye pral pran swen ou
 523 menm jan ou pran swen lòt moun. Lè nou ap bay konsa, se paske nou fè Bondye
 524 konfyans epi aksyon sa genyen yon aspè adorasyon ladan. «Bondye ap toujou fè nou
 525 rich ase pou nou ka toujou bay ak tout kè nou.»⁶⁸ Lè yon moun ap di Bondye mèsi
 526 paske yon moun bay yo, se Bondye ki pran lwanj. Nou ap viv nan yon tan kote moun ap
 527 sanble bagay nan depo ke yo pa menm bezwen menm, men yo vle kenbe yo paske yo
 528 panse yo ka bezwen yo yon jou, nou rete kwè ke si nou deside abandone bagay sa yo,
 529 n'ap viv byen kan men. Se Bondye ki ap fè pwovizyon, li te mèt yon mouton nan yon
 530 touf bwa osinon pa mwayon yon bon Samariten. Lè nou ap viv selon kòmandman
 531 Bondye pou nou viv an kominote ki ap pataje epi ki ap bay, nou pa dwe pè pou demen.
 532
 533 Pòl di ke lè yon moun renmen bay, se levanjil la nou ap preche epi se gras Bondye ki
 534 ap manifeste. Relasyon ekonomik (koinonia) ki fèt pou ede pèp Jerizalèm nan te reyini
 535 yon seri moun ki diferan ak kilti ki diferan tou, sa montre nou inite ki egziste nan Kris e ki
 536 fè nou tout sanble menm si nou diferan (Legliz Korent ak legliz Jerizalèm yo te gen anpil
 537 diferans nan edikasyon kreyen yo).
 538
 539 Pou Pòl, lè yon moun renmen bay, li fè pati fwi Espri Bondye a.⁶⁹ Se yon manifestasyon
 540 ke yon moun ap viv nan lafwa. Lè ou renmen bay depase, se yon don espiyèl ki fè
 541 tout kò Kris la benefisye.⁷⁰ Lè ou ap lonje men ou ba sa ki bezwen yo, se youn nan vèti

⁶⁵ Egz 16 :18

⁶⁶ 2 Kor 8 :9

⁶⁷ 2 Kor 9 :7

⁶⁸ 2 Kor 9 :11

⁶⁹ Gal 5:22

⁷⁰ Wom 12:8

ke Pòl ankouraje, li montre ke ou se yon bon disip.⁷¹ Se konsa tout legliz ta dwe ye, nan kèlkeswa epòk li ye a.

Bib la onore moun ki renmen bay. Jozèf ki sòti lil Chip, ke yo te konn rele Banabas tou, te vann yon jaden li te genyen epi li bay tout kòb la bay legliz la. Non li site pami yon lis moun Sentespri te enspire epi ki te vann tè ak kay epi yo te pote lajan an remèt apòt yo. Se sak fè «pèson nan mitan yo pat nan nesesite.»⁷² Jenerozite sa ki te nan kominote a te pèmèt kominote a pa manke anyen epi li fè temwayaj levanjil la ale byen lwen.

Liv Travay la pale de disip Tabita ki te resisite.⁷³ «Li t'ap pase tout tan li ap fè byen epi li t'ap ede pòv yo anpil.» Sa paka pase sou silans. Lè Tabita mouri, te genyen yon kriz nan legliz Joep a, ki fè yo te voye al chèche Pyè an ijans. Lè Pyè rive, tout vèv yo pwoche, vèv Tabita te ede lè li te vivan, yo pwoche bò kò a pou yo prepare antèman. Yo t'ap moutre Pyè chemiz ak rad Tabita te konn fè lèl te la avèk yo. Enpak li te genyen nan kominote a te pwofon paske pat gen sipò nan kominote a pou moun ki nan nesesite, chak moun ap chèche sove fanmi li, oswa ap tann pou yon moun lonje men ba yo. Istwa rakonte nou ke lè Pyè fè tout moun soti, li priye epi li gade kò a epi li di li : «Tabita, leve non.» epi li te leve tout bon!

Kòm nou ap etidye pawòl la, nou wè Lik (otè liv Travay apot yo) ki vle fè nou konprann ke menm si Jezi pat la fizikman (paske li te monte al nan syèl la), pouvwa li genyen an ki bay lavi a rete la a kòz Sentespri a. Si nou vle ale pi lwen ke sa, nou wè li klè ke nou genyen yon apèl pou nou fè zèv charitab. Nenpòt moun te ka mouri epi resisite pou pwoklame pouvwa Jezi ki nan apot yo, men se pat nenpòt moun. Se te Tabita, ki te dedye lavi li pou li sèvi ak ede moun. Lavi li raple legliz la ke nou paka rele tèt nou legliz si nou pa aji menm jan a Tabita. Jenerozite bay lavi.

Gen etid ki resan ki montre nou ke lè yon moun renmen bay, li fè kè moun nan pi kontan, sante li bon epi li santi li genyen yon misyon l'ap akonpli sou tè a. Selon yon rechèch ki te fèt pa Christian Smith ak Hilary Davidson, genyen yon rapò ant yon moun ki renmen bay ak lè yon moun santi li byen nan po'l.⁷⁴ Yo pwouve verite nou jwenn nan pwovèb sa ki di « moun ki bay san gad dèye, sa pa anpeche yo vin pi rich. Men moun ki penng, se pòv y'ap vin pi pòv.»⁷⁵ Jenerozite bon pou ou.

Lè'w gade Jezi, ou wè li se jenerozite ya menm. Li te mèt nan pwezi ki ekri na liv Jan chapit 1 oswa nan im Filipyen 2 a, Dezyèm Kontra di nou ke si nou wè Jezi, se Bondye nou wè.

Lè ou gade a Jezi, se jenerozite ya menm ou wè. Li te mèt nan pwezi Jan 1 oswa nan im Filipyen 2 a, Dezyèm Kontra di nou ke si nou wè Jezi, se Bondye nou wè. Bondye genyen abondans ak jenerozite nan nati li, se sa nou wè li manifeste nan ministè Jezi a.

⁷¹ Wom

⁷² Tra 4 :34-37

⁷³ Tra 9:36-43

⁷⁴ *The Paradox of Generosity: Giving We Receive, Grasping We Lose*, Christian Smith & Hilary Davidson, Oxford Press, 2014.

⁷⁵ Pwo 11 :24-25

583 Nan prezans Jezi, pa janm manke anyen. Levanjil yo prezante ministè Jezi a tankou
584 yon ministè ki gen ase pouvwa pou li geri malad, li gen ase gras pou li pwoche bò sa ki
585 pou kont yo, li gen ase konpasyon pou li rekonfòte moun, epi li gen ase lanmou pou li
586 batay ak lanmò. Si nou kwè sa se verite epi nou kwè Jezi toujou la nan legliz jodia, li ta
587 sipoze fè nou pa pè ankò pou si nou ap gen ase resous pou nou akonpli misyon
588 Bondye te ban nou a.

589
590 Nan levanjil Jan an, nou wè yon istwa ki sanble a sa nou fèk pale a nan yon maryaj lavil
591 Kana nan peyi Galile. Nou ka konprann genyen anpil dimansyon konpreyansyon nan
592 pasaj sa, ki fè nou konprann premyèman ke lè dlo a chanje an diven, se yon mirak ki te
593 la pou revele karaktè Diven Jezi epi pou montre glorifikasyon li nan lanmò li ak
594 rezirèksyon li. Pakont, nou paka pa remake kantite diven ki te pwodwi lè sa! Li te plis ke
595 sifi pou sa sitiasyon an te mande, se sa yo rele abondans lan, lè nou genyen plis ke sa
596 ki nesesè.

597
598 Kat evanjelis yo pale de mirak kote Jezi bay senkmil moun manje. Nan istwa sa,
599 pandan pat gen ase manje pou foul la, Jezi bay plis ke sa yo te bezwen ki fè te rete yon
600 pakèt panyen manje. Sa ki enpòtan pou legliz la konprann, anplis de pwovizyon an, nou
601 wè Jezi, lè disip li yo di yo pa gen manje, li gade yo⁷⁶ epi li di yo «Poukisa nou pa ba yo
602 manje pito!»⁷⁷ Nou te ka etidye anpil aspè nan istwa sa, men nou chwazi de aspè :
603 1) Jezi vle pou disip yo (sa vle di ke li ta renmen pou legliz la) lonje men bay moun ki
604 nan nesesite; 2) lè disip yo bay Jezi resous yo te genyen yo (menm si yo te panse li pat
605 ase), Li fè yo vini plis ke ase. Jenerozite ak abondans. Se yon patenarya diven ak imen
606 ki ka chanje lemonn.

607
608 Genyen yon jenerozite ki se yon repons a yon jenerozite nou finn resevwa. Detay yo pa
609 klè pou nou konnen kiyès li ye oswa poukisa li te fè sa, men kat levanjil yo rakonte nou
610 istwa yon dam ki te vide yo pafen sou Jezi. Nou pa genyen plis enfòmasyon sou anpil
611 bagay, men kat otè yo te konnen valè pafen sa – li te vo salè tout yon lane. Nou panse
612 ke fanm nan te aji konsa paske li te vle di Jezi mèsi. Aksyon sa reprezante yon
613 jenerozite ki depase. Li fè nou poze nou kestyon sa : Kisa ki te ka fè ou bay salè tout
614 yon lane pi kisa ki te ka motive aksyon sa lakay ou? Fòk nou reflechi sou pwofondè
615 rekonesans nou pou Jezi, se sa ki ap montre nou dimansyon jenerozite nou. Lè yon
616 moun rekonesan, li renmen bay. Moun Bondye yo gen rezon pou yo di li mèsi.

617
618 Lè nou gen rekonesans tout bon, li fè pati jerans lan, kote nou rekonèt ke sa nou
619 posede, se yon kado li ye. Lè Pòl t'ap ankouraje kretyen Korent yo pou yo bay ofrann
620 pou legliz Jerizalèm nan, li te fè yo konprann ke pa gen moun ki fòse yo pou yo fè sa.
621 Pakont, li fè yo konpran ke tout sa Bondye ba yo se yon rezon pou yo ta rekonesan.
622 Aprè tout sa Bondye fè pou yo pa Jezi-Kri, kòman pou yo pa ta rekonesan? Nan ekriti
623 yo, genyen yon envitasyon pou nou rejwi epi pou nou di Bondye mèsi. Li te mèt lepre a
624 ki rekonesan pou gerizon li te jwenn nan,⁷⁸ osinon yon pechè ki deside obeyi, osinon lè
625 nou ap priye anvan nou manje, rekonesans ta sipoze baz jenerozite.

⁷⁶ Lè Jezi ap pale ak disip yo nan levanjil yo, fòk nou konprann se ak legliz li ap pale.

⁷⁷ Mat 14:13-21; Mak 6:31-44; Lik 9:10-17; Jan 6: 5-15

⁷⁸ Lik 17 :15

626

627 Gen yon istwa yo renmen pran kòm egzanp lè y'ap preche sou jerans, se istwa ofrann
628 vèv la.⁷⁹ Lè ou gade istwa yon premye fwa, ou ap wè se istwa de yon jenerozite ki
629 depase ak yon istwa sou lafwa. Li bay de ti kòb ki pat menm fè mwaye senk kòb nan
630 ofrann lan, epi se te tout sa li te posede. Levanjil Mak ak Lik rakonte istwa sa kote Jezi
631 t'ap gade moun yo ki t'ap mete lajan nan bwat ofrann lan, li wè ofrann pòv vèv la epi li ta
632 renmen pou nou konprann valè sa li bay la. Li pat bay sa li te genyen an rezèv, men li te
633 bay tout sa li te genyen. Lè ou wè sa konsa, li fasil pou konprann ke se yon ofrann ki
634 depase epi ki montre nou ke li mete konfyans li nan Bondye tout bon pou li pran swen li.
635 Sa rich yo te bay, menm si yo te anpil, yo paka konpare ak sa vèv la te bay. Menm si li
636 pa parèt possib, nou ta sipoze bay konsa tou!

637

638 Pakont, genye yon avètisman nan tèks sa ak ki pozisyon li genyen nan chak levanjil yo.
639 Pasaj ki te avan istwa sa nan Mak ak Lik ap pale de klas relijye yo; sa ki renmen pyeje
640 moun nan pyete ak privilèj yo. Jezi di «Se piye y'ap piye pòv vèv yo... Chatiman moun
641 sa yo pral pi rèd.»⁸⁰ Legliz pa gen dwa pou li pwofite de moun ki renmen bay yo, epi li
642 pa gen dwa pa okipe bezwen moun ki legliz la ak sa ki rich yo. Pandan legliz dwe
643 ankouraje jenerozite pami manm yo, li dwe ajè ak jenerozite tou nan avantaj yo.

644

645 **Jerans lan ak Jijman** : Yo konn pale de jerans nan istwa ki sou sijè jijman, paske se
646 nou ki pou chwazi kòman nou vle ajè, gen konsekans ki ap swiv chwa sa yo. Gen yon
647 istwa ke sèl liv Lik la ba nou, kote nou wè yon jijman ki ap tann yon nonm rich ki pat
648 okipe yon pòv malere ki te nan papòt li.⁸¹ Nou wè yon kontras kote nonm ki rich la abiye
649 ak bèl twal wouj sou li epi chak jou se gwo fèt banbòch lakay li. Nonm ki pòv la (Laza ki
650 vle di « Bondye ede ») chita nan papòt kay nonm rich la epi l'ap mande bagay ki ap sòti
651 tonbe anba tab li epi li kouvri ak maleng. Menm chen konn vinn niche maleng yo. Li
652 patap posib pou nonm rich la di ke li pat konnen Laza te la.

653

654 Nou ka mete yon limyè sou istwa si nou konsidere ke nan tan ansyen yo, pòv yo te
655 konn manje pen, klas mwayèn nan te konn manje pen ak sòs oswa legim, rich yo te
656 konn manje pen, sòs ak vyann epi sa ki te vrèman rich yo tèlman te gen manje sou tab
657 yo ke yo te konn pran pen pou yo siye men yo. Sa Laza t'ap mande, se ti pen nonm rich
658 la te konn pran pou siye men li yo pou li kapab manje!

659

660 Pandan Jezi ap fin rakonte istwa, de nonm yo mouri, epi Laza bò kote Abraram nan syèl
661 la men nonm rich la kote tout mò yo ye a nan mitan soufrans. Nou wè pozisyon yo
662 chanje lè yo fin mouri. Nonm rich la kounya ap chèche pou Laza rekonfòte li, men li pa
663 kapab fè sa pou li. Li ap panse a senk frè li yo li kite, li ap mande Abraram pou li voye
664 Laza al wè frè li yo pou yo pa soufri tou si yo pa chanje epi pran swen malere yo.
665 Abraram reponn li si yo pa koute Moyiz ak pwofèt yo, yo p'ap kite pèsenn lòt fè yo wè
666 verite a.

667

⁷⁹ Mak 12:41-44; Lik 21:1-4

⁸⁰ ibid

⁸¹ Lik 16 :19-31

668 Si nou ta kanpe pou nou reflechi sou istwa sa, nou tap mande tèt nou eske jijman ta
669 pral diferan (sitou pou nonm rich la) si sitiyaasyon yo pat diferan konsa lè yo tap viv? Si
670 nonm rich la te lonje men li bay Laza, eske pinisyon an tap grav konsa? Gen yon
671 chanjman ki ap vini. Paske kounya, moun yo genyen «lalwa ak pwofèt yo» ansanm ak
672 «youn ki te mouri epi li resisite». Sa tap difisil pou nou di ke yo pat avèti nou.
673

674 Si nou vle pale de dènye jijman nan levanjil Matye a, nou wè yon iswa ki sanble ak sa
675 nou fèk pale a. Anpil moun bay istwa sa tit parabòl mouton ak kabrit yo (oswa Jijman
676 tout nasyon yo), kote nou wè dènye jijman pou moun ki te kwè yo ak sa ki pat kwè nan
677 Wayòm Bondye a. Separasyon ant de yo klè, paske se rezilta chwa nou pa rapò ak
678 kijan nou te deside itilize resous nou, konpasyon nou, ak si nou te fè moun jistis. « Vini
679 non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m, vin pran posesyon peyi ki te pare pou
680 nou depi lè Bondye t'ap kreye monn lan. Mwen te grangou, nou te ban m manje. Mwen
681 te swaf dlo, nou ban m bwè. Mwen te lwen peyi m, nou te resevwa m lakay nou. Mwen
682 te toutouni, nou te ban m rad. Mwen te malad, nou pran swen m. Mwen te nan prizon,
683 nou vin wè mwen.»⁸²

684
685 Isit la, nou wè pi lon diskou nan Dezyèm Kontra kote yo ap defini kritè ki pèmèt yon
686 moun antre nan syèl la, si nou gade byen, nou ap wè ke sa ki pi enpòtan se pa doktrin
687 nan oswa kwayans ou, men se nan kijan nou te pran swen moun ki nan nesesisite.⁸³ Lè
688 nou pa fè sa, se nan yon separasyon etènèl a Bondye nou ap ye. « Wete kò nou sou
689 mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan dife ki p'ap janm etenn nan, dife ki te pare
690 pou dyab la ak zanj li yo. Mwen te grangou, nou pat ban m manje, mwen te swaf dlo,
691 nou pat ban m bwè. Mwen te lwen peyi m, nou pat resevwa m lakay nou. Mwen te
692 toutouni, nou pat ban m anyen pou mwen te mete sou mwen. Mwen te malad, mwen te
693 nan prizon, nou pat vin wè mwen. Lè sa a y'a reponn li : Mèt, kilè nou te wè ou
694 grangou, osinon swaf dlo, kilè nou te wè ou lwen peyi ou, osinon toutouni, kilè nou te
695 wè ou malad osinon nan prizon, jouk pou nou pat ba ou lasistans? Wa a va reponn yo :
696 Sa m'ap di nou la a, se vre wi : chak fwa nou pat fè sa pou yonn nan pi piti sa yo, se
697 pou mwen nou pat fè li.»

698
699 Pa gen anyen nou te ka ajoute sou sa ki fèk di la. Yon pati nan bon jerans lan se lè nou
700 pran swen yonn lòt. Lè nou lonje men bay sa ki nan nesesisite yo, nou montre Wayòm
701 nan la epi li genyen pou li vini epi nou patisipe ladan.

702
703 Lè nou ap pale de jijman, nou dwe pale nan yon fason ki vrè, ki onèt de kijan nou pataje
704 resous yo epi kijan nou ye nan kominote a. Touswit aprè gwo don Banabas te fè a nan
705 liv Travay 4 la, nou wè yon istwa nan chapit 5 lan sou Ananyas ak Safira. Yo menm tou
706 yo te deside vann tè yo. Pwoblèm nan chita kote yo te deside pou yo kenbe yon posyon
707 nan kòb yo te ranmase a. Lè Pyè konn sa, li di Ananyas ke yo pat mande li pou li bay
708 tout pwofi yo bay kominote a. Li deside bay manti, paske li te wè kado a te twòp, epi

⁸² Ma 25 :34-37

⁸³ Gen kèk endikasyon nan lang Grèk la ki di nou ke se plis nan kominote legliz la nou dwe aplike sa, men yo pa mete ankenn restriksyon ki te ka anpeche nou fè sa pou tout kominote a nèt. Nan Detewonòm, si nou vle pran egzanp lan, nou wè li konsène tout moun ki ap viv sou tè a. Nou dwe pratike lajistis, lonje men bay pòv yo epi obsève jou Senyè a.

709 pandan li fè sa se pa legliz la li bay manti, se Bondye li twonpe. Lè Ananyas tandè
710 pawòl sa yo, li tonbe, li mouri frèt! Twazèdetan apre, Safira te rive tou, epi lè Pyè poze li
711 keston li bay manti tou (paske li pat konn sa k te rive mari l) epi li tonbe atè nan pye
712 Pyè, li mouri frèt!

713

714 Nou kapab wè li di pou nou aksepte Bondye touye de moun sa yo paske yo bay manti
715 sou sa yo t'ap bay la, men fòk nou wè mesaj ki pi pwofon ke legliz la dwe konprann.
716 Paske yo te bay manti sou pwofi yo fè nan vann tè yo a, sa montre ou nan ki kondisyon
717 kè yo ye, yo pa pou Bondye nèt. Menm si bouch yo te di le kontrè, aksyon yo montre
718 nou ke yo pat atache ak travay Sentespri a nan kominote a. Yo pat angaje tout bon.
719 Bon jerans lan, se lè ou angaje tout bon nan sa Bondye ap fè nan monn lan epi pou ou
720 se yon ajan Wayòm nan, pou monn lan jan nou wè li a kapab transfòme pou li vinn yon
721 monn jan Bondye vle pou li ye a.

722

723 Lè ou se yon bon jeran, se swa ou sa ou byen ou pa sa lè nou ap gade ki enpak sa
724 genyen lè nou disipline lavi nou lè nou pratike bon jerans lan epi ki diferans sa kapab
725 mennen nan monn kote nou ap viv lan. Lè nou ap anseye sou apostola (sa sa vle di pou
726 nou swiv Jezi), nou dwe konnen kisa sa kapab anjandre kòm responsabilite. « Moun ki
727 mete men nan yon travay, epi k'ap vire tèt gade dèyè, moun konsa pa ka sèvi nan peyi
728 kote Bondye Wa a.»⁸⁴ Genyen yon avètisman pou legliz Lawodise a nan liv
729 Revelasyon an ki sanble : « Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen ou pa ni cho ni
730 frèt. Pito ou te cho osinon ou te frèt. Men, ou tyèd, ou pa cho, ou pa frèt. Mwen pral
731 vonmi ou sòti nan bouch mwen.»⁸⁵ Lè ou se yon disip tout bon, ou angaje ou tout bon.

732

733 **Jerans ak Ladim :** Yon moun kapab trouve sa pa nòmal pou Bib la pa pale anpil sou
734 sijè ladim nan (lè nou konpare li ak sijè sou lajan an jeneral), sof nan enstriksyon sou
735 kijan pou sakrifkatè yo rekòlte ladim yo nan liv Nonb ak Levitik. Premye fwa yo pale de
736 dim se nan Jenèz 14, lè Abram finn genyen yon batay, Wa Mèlkisedèk beni li epi Abram
737 deside bay yon dizyèm nan tou sa li te pran.⁸⁶

738

739 Nou jwenn plis detay sou ladim yo nan Detewonòm, epi nou kwè ou ka pa sonje pati sa!
740 «Chak lanne, n'a pran ladim rekòt nou, yon dizyèm nan tou sa jaden nou yo donnen, n'a
741 mete l apa. Apre sa, nou va ale kote Senyè a te chwazi pou fè sèvis pou li a. Epi la,
742 devan Senyè a, n'a va manje ladim farin nou, ladim diven nou ak ladim lwil oliv nou
743 ansanm ak premye pitit bèf, premye pitit mouton ak premye pitit kabrit nou yo. Se konsa
744 n'a aprann pou nou gen krentif pou Senyè a.»⁸⁷ Sa se yon gwo selebrasyon! Moun yo
745 vini ak ladim yo epi pèp la ap rejwi dèske yo kapab jwi bon pwodiksyon latè a.

746

747 Kèlkeswa kantite ou genyen an, ou bay yon dizyèm ladan epi tout kominote a kapab
748 benefisye de sa ou pote a. Lè nou fè sa, se raple nou vle raple tèt nou de ki kote
749 benediksyon sa sòti. « N'a aprann pou nou gen krentif pou Senyè a.» Sa fè nou sonje
750 sa nou te di sou Jenèz 1, nou se kreyati a, nou pa Kreyatè a. Ofrann sa, se di n'ap di ke

⁸⁴ Lik 9:62

⁸⁵ Rev 3:15-16, Lè nou pale de «cho oswa frèt» y'ap pale de nivo angaje.

⁸⁶ Jen 14:17-20

⁸⁷ Det 14 :22-24

751 se nan Bondye abondans ki fè nou viv la sòti. Se pa akòz pwòp aksyon pa nou oswa
752 paske nou jere tè a byen oswa nou pran swen bèt yo byen, se Bondye ki sous tout
753 bagay. Nou ka plante yon semans men se Bondye sèl ki ka fè li grandi!

754
755 Tèks la kontinye pou li eksplike pèp la sa pou yo fè si yo paka vwayaje ak pwodwi yo
756 vle bay pou ladim nan. Ou ka vann li, epi mennen kòb la nan Tanp lan. Lè ou rive nan
757 Tanp lan ou ka achte tout sa ou vle (li te mèten diven oswa kleren!). Prensip ladim nan se
758 pou nou kapab rekonesan epi pou nou onore Bondye pou sa nou genyen. Epi fòk nou
759 pataje sa nou genyen an, nou pataje li ak kominote a, ak sakrifikatè yo (ki pa gen tè) epi
760 a chak twa lane nou dwe pataje ladim nan ak etranje yo, òfelen ak vèv yo. Moun sa yo
761 dwe manje vant deboutonnen, paske gen ase manje pou tout moun.

762
763 Nan Detewonòm 26, yo bay detay sou ladim nan toujou, men fwa sa yo eksplike
764 seremoni ak kijan pou nou bay li.⁸⁸ Nou jwenn nan seremoni sa Bondye ak Tè a. Lè yo
765 mete ofrann nan devan Bondye, men ki deklarasyon pou yo fè « Zansèt mwen te kon
766 moun peyi Aram ki t'ap pwonmennen mache toupatou. Yon jou, li desann nan peyi Lejip
767 ak moun pa l yo ki pat anpil. Yo pase kèk tan nan peyi a, yo tounen yon gwo nasyon ki
768 te fò ak anpil anpil moun ladan l. Moun peyi Lejip yo tonbe maltrete nou, yo malmennen
769 nou, yo fòse nou travay di tankou esklav. Lè sa a, nou rele Senyè a, Bondye zansèt nou
770 yo, pou l vin ede nou. Li tandè lapriye nou. Li wè nan ki mizè nou te ye, li wè tout lapenn
771 ki te nan kè nou, li wè jan yo t'ap peze nou. Senyè a fè nou sòti kite peyi Lejip la ak gwo
772 fòs ponyèt li, li te fè anpil mirak ak anpil mèvèy, bagay ki te fè moun pè anpil. Apre sa, li
773 mennen nou isit la, li ban nou bèl tè sa a, kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo. Se
774 sa ki fè kounyè a, Senyè, mwen pote ba ou pi bèl fwi nan premye rekòt ou ban mwen
775 nan peyi a.»⁸⁹

776
777 Seremoni sa se yon pratik pèp Izrayèl la ap fè pou rapli li istwa delivrans li. Se yon
778 fason pou yo rekonèt, nan yon nivo ki pi pwofon ke lòt tèks nou te etidye a, ke se nan
779 Bondye tout benediksyon yo sòti. Se pa paske tè a pwodi, men se paske yo sou tè
780 Bondye te pwomèt zansèt yo. Si yo kapab viv lib sou tè sa, se paske Bondye te planifye
781 sa nan plan li. Se yon priye remèsiman, ki kapab sanble ak moman ekaristik yo nan
782 legliz, kote Bondye leve pi wo epi kote tout aksyon Diven li yo pou byen nou se yon
783 rezon pou nou rekonesan. Si nou ta renmen fè sa nan legliz la, se kòm si nou t'ap
784 repete yon priye lè nou ap bay ofrann nou : « Mwen kwè... » epi pèp la reponn. Lè nou
785 ap pote yon ofrann bay Bondye, se adore nou adore li, epi baz adorasyon sa se paske
786 nou rekonesan pou sa li fè nan lavi nou.

787
788 Nou wè yo repete aspè ki vle pou nou akeyi tout moun lè nou ap bay. «Lè fini, li menm
789 ak tout moun lakay li, l'a fè fèt pou tout bon bagay sa yo Senyè a te ba li. L'a fè moun
790 levi yo ansanm ak *moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo fete ansanm ak li tou*»⁹⁰
791 Genyen ase pou nou pataje ak tout moun akòz abondans Bondye a. Kapasite pou nou
792 resevwa moun depase limit ke nou te genyen an tan ke tripi ak ras, paske genyen ase
793 resous. Se pa yon bèl bagay pou yon moun ta fè, men se yon lòd Bondye ban nou.

⁸⁸ Det 26:1-15

⁸⁹ Det 26:5-10

⁹⁰ Det 26 :11

794

795 Lè nou ap mande ki plas ladim nan okipe nan legliz la, nou pata dwe bliye prensip sa
796 yo. Ladim nan se yon règ li mete nan kominote a ke tout moun kapab respekte. Sa rive
797 souvan pou manm legliz ap mande kisa ki akseptab lè nou ap bay yon ofrann?

798 «Konbyen pou mwen ta bay nan ofrann?» Ladim se yon referans; se la nou ta dwe
799 kòmanse.⁹¹ Lè nou konprann ladim se yon adorasyon li ye, li pèmèt nou toujou ap
800 reflechi a ki kote benediksyon nou yo sòti, ki kote Jezi te pran nou, epi li pèmèt nou bay
801 repons a gras sa ke nou ap jwi a.

802 Gen kèk gwoup moun ki ap poze tèt yo keston sa : eske se sou salè « brit » oswa sou
803 salè « nèt » la. Pou Izrayèl, se «nèt» la sèlman ki te egziste. Kounya, si pèp Bondye a
804 te bay ladim li ak fidelite sou «brit» la osinon «nèt» la, nou tèlman t'ap genyen resous ke
805 nou patap poze keston sa! Lè n'ap pale de ladim, genyen ki di ke pwiske nou peye
806 taks ki sipoze envesti nan pwogram pou pòv yo, sa vle di ke pati nou ta sipoze bay la ta
807 dwe bese. Li tap bon pou nou raple nou ke san konte ladim yo te konn bay chak ane
808 sou sa latè a te pwodwi, chak gason te dwe bay yon ofrann ki diferan de ladim nan twa
809 fwa nan ane a. Chak moun te dwe pote yon bagay! Ofrann sa te fèt lè fèt pen san leven
810 yo, nan fèt semen yo ak fèt tant yo. Chak moun te bay selon sa Bondye te ba yo.⁹² Sa
811 pa anyen ankò, yo te konn fè lomòn tou.⁹³ Sa yo se te ofrann ki te apa de ladim ak lòt
812 ofrann yo. Sa fè 10% ladim nan sanble piti lè nou kalkile tout lòt yo, pa vre? Bondye te
813 mande pou pèp li a renmen bay san gad dèye epi se sa li vle pou nou jodi a tou.

814

815 Eske legliz (ki sou la gras) ta sipoze bay ladim (ki sou la lwa)? Pa gen yon konte nan
816 Dezyèm Kontra ki di ke nou dwe bay pi piti ke sa yo te konn bay anvan Jezi te vini sou
817 tè a. Pòl di moun yo, lè li tap fè ofrann pou legliz Jerizalèm nan, ke chak moun ta dwe
818 bay sa li genyen (menm jan ak twa ofrann yo), men pa gen yon kòte li di ke yo pa dwe
819 bay ladim ankò. Si yon moun panse ladim nan sou la lwa toujou, sa vle di li pa konprann
820 poukisa ladim nan te egziste (pwovizyon pou tout kominote a) ak kisa li fè (selebrasyon
821 ak rekonesans). Nou pap ka defan kòz levanjil la byen si sa yo atann de nou yo
822 reprezante yon pwa sou zepòl nou oswa yon obligasyon. Genyen anpil legliz ki pa fè
823 moun yo konnen kisa yo atann de yo sou sijè ofrann, patisipasyon nan adorasyon,
824 edikasyon oswa yon lòt patisipasyon kifè kominote sa yo vinn fèb. Nou paka di ke ladim
825 se yon obligasyon si nou ap chèche vèsè nan Dezyèm Kontra a, men nou kwè genyen
826 plis benefis si nou anseye sou li olye pou nou viv nan dèt.⁹⁴

827

828 **Jerans ak «Levanjil Pwosperite a»** : Liv Malachi a pale de ladim tou. Pwofèt la ap
829 prete bouch Bondye pou li poze keston sa yo : «Eske yon moun ka twonpe
830 Bondye?»⁹⁵ Pwofèt la reponn ke moun yo ap twonpe Bondye paske yo pa bay «tout
831 ladim» yo. Li mete yon pwomès ak repwòch la : «Pote tout ladim lan nèt nan Tanp lan,

⁹¹ Nou di sa paske li klè nan ansyèn Izrayèl la ke te genyen anpil ofrann ki apa de ladim nan. Se sak fè nou panse ke ladim nan se kòmansman, se pa la pou yon moun ta kanpe! Nou ka konprann ke 10% ka sanble anpil pou yon moun ki pa abitye bay. Nan ka sa, premye objektif la ka pou nou bay ladim epi detanzantan moun nan ka ajoute 1% osinon 2% sou sa li te konn bay la.

⁹² Det 16:16-17

⁹³ Lomòn nan te nan liv deterokanonik Tobi ak Sirak, yo te mansyone li tou nan Matye, Lik epi Travay.

⁹⁴ Si nou vle plis enfòmasyon sou ki avantaj nou kapab jwenn lè nou anseye sou ladim, nou mèt konsilte *Passing the Plate: Why American Christians Don't Give Away More Money*; Smith, Emerson, Snell. Oxford Press, 2008.

⁹⁵ Mal 3:8

832 san wete anyen ladan l, pou ka gen manje nan Tanp lan. Se pou nou fè sa pou nou wè
833 si mwen p'ap kenbe pawòl mwen vre. N'a wè si mwen p'ap louvri syèl la fè lapli tonbe,
834 si mwen pap vide benediksyon sou nou an kantite.»⁹⁶

835
836 Nou konprann pawòl sa te la pou yon sitiyasyon espesyal. Peryòd sa te yon peryòd
837 famin, men moun yo (paske yo te pè) te kenbe tout ladim yo. Sa te fè ke sistèm ki te
838 sipoze pran swen tout moun yo pat ka mache. Pwoblèm (chini) an pat la paske Bondye
839 pa renmen yo oubyen li pat fè ka de yo, men se paske yo pat mete konfyans yo nan
840 Bondye. Chak moun te rete nan kwen yo epi yo chwazi pou yo kenbe sa ki nan men yo
841 byen di. Olye pou yo mete yon sistèm "quid pro quo" (ou bay sa ou genyen), Bondye
842 mande yo pou yo fè'l konfyans epi pou yo bay tout ladim nan, lè yo fè sa, ap gen ase
843 resous pou tout moun manje. Defi a, se te pou yo te mete konfyans yo nan *sistèm*
844 *Bondye te kreye* nan ladim nan, ki sipoze asire pwovizyon pou tout moun lè yo fidèl nan
845 bay ladim yo.

846
847 Men, gen moun ki itilize pasaj sa pou yo fè moun panse ke nou kapab tante Bondye
848 pou li beni nou lè nou bay ladim nan. Lè li ap bay, endividi a sèten ke li ap jwen richès
849 ak pwosperite pou tèt pa li. Nou twouve sa difisil pou nou aksepte entèpretasyon pasaj
850 Malachi a epi nou mande tèt nou si legliz ta dwe aksepte yon bagay konsa. Sa ki fè nou
851 wè li difisil pou nou aksepte lide sa, se paske tèks bibliik sa yo ap pale de benediksyon
852 ak delivrans pou yon kominote epi Bondye se yon Bondye ki ap bay san nou pa tante li.

853
854 Nan mitan 20^e syèk la, te gen yon mouvman ki t'ap grandi vit nan branch Evanjelik ak
855 Pantkotis nan fanmi Protestantism lan. Yo itilize tèks sa tankou yon baz pou yo fè moun
856 kwè nou ap bay pou nou kapab jwenn plis pou tèt nou.⁹⁷ Sa yo ap preche a se «levanjil
857 richès» oswa «levanjil pwosperite»⁹⁸. Yon pwen enpòtan nan teyoloji yo a, se ke
858 Bondye vle pou nou byen fizikman epi nan aspè finansye a tou. Yo kwè ke byenèt sa ak
859 richès sa ka grandi si nou genyen yon gwo lafwa (lè nou kwè nan sa yo kwè a), yon
860 panse ak yon langaj ki positif, epi pou yo bay nan òganizasyon ki relijye.

861
862 Men sa yo kwè : Lè yon moun malad oswa li pòv, se peche oswa/ak fòs espirityèl ki fè
863 sa. Poutèt lakwa a, yo kwè nou pata sipoze malad ou pòv. Yo wè Bib la tankou yon
864 kontra kote yon moun kapab ajì yon jan (kòm pou ladim), Bondye *dwe* beni moun sa ak
865 yon bòn sante, ak richès. Menm si yo ap eseye senplifye sa, li klè : nan levanjil
866 pwosperite a, genyen yon « quid pro quo » : fè sa epi Bondye *ap fè* sa. Bay epi Bondye
867 ap ba ou plis richès. Lè yon moun bay ofrann nan yon sistèm konsa, se pa paske li
868 rekonesan, men se paske moun nan gen dezi pou li genyen plis pouvwa ak pozisyon
869 pèsònèl (li pa pou kominote a).

⁹⁶ Mal 3 :9-10

⁹⁷ Lòt tèks yo konn site yo se nan Lik 6 :38; Lik 11 :9, Jak 1 :5, ak anpil lòt ankò.

⁹⁸ Yo konn rele mouvman sa « levanjil sante ak richès » oswa « levanjil siksè ». Premye moun nou te wè ki te patisipe nan mouvman sa yo se te nan fen 19^e syèk la, men sa yo ki te nan tèt mouvman an te kòmanse parèt tèt yo nan ane 1950 yo nan tradisyon Pantkòtis yo. Nan dezyèm mwatye 20^e syèk la men moun ki te popilè nan mouvman sa : Oral Roberts, Rev. Ike, A.A. Allen, ak Jim Bakker. Nan debi 21^e syèk la, se moun sa yo nou te wè ki plis raproche yo de teyoloji sa : Joel Osteen, Bruce Wilkinson, Benny Hinn, Kenneth Copeland, Bishop Eddie Long, Joyce Meyer, ak Creflo Dollar. Yo te fè yon gwo ankèt sou pifò nan lidè mouvman sa yo pou yo kapab wè si richès yo genyen yon lyen ak legliz yo ki pa peye taks.

870

871 Nou pap di nou pa dakò si yon moun di ke lè ou bay ou beni! Lè yon moun jwenn pou
872 yo bay, se paske Bondye fè pwovizyon pou li. Nou kapab afime ke nan nati ekonomik
873 Bondye a, nou ap toujou jwenn plis ke sa nou bay la. Men si nou panse ke lè Bondye ap
874 beni nou se akòz aksyon pa nou yo, se paske nou pa panse Bondye se mèt tout bagay.
875 Nou paka aksepte yon pozisyon ki ap anseye «yon sei pawol majik pou moun repete»
876 oswa «fòmil egzat» sou konbyen dola pou nou bay yon òganizasyon ki ap fè Bondye
877 beni yon moun epi ki fè li pa beni yon lòt. Anplis de sa, nou pa kwè ke Bondye kapab
878 geri fizikman epi bay plis resous materyèl sèlman. Legliz ta sipoze fè anpil atansyon ak
879 sistèm panse sa yo ki ap ankouraje moun visye epi ki ap fè moun konsantre yo sèlman
880 sou siksè materyèl olye pou yo sèvi youn lòt.

881

882 Sa kreye anpil pwoblèm teyolojik paske nou ap mande ki dye ki tap aksepte pou yon
883 moun ap viv nan yon chato ak yon machin Rolls Roys pandan vwazen li pa gen kay
884 oswa li pa gen anyen pou li manje. Nou konnen sa ka rive, men nou pa kwè Bondye
885 aksepte pou sa rive. Li pa respekte sa levanjil la di epi li pa ale nan menm sans legliz
886 primitif la te konn viv ansanm kote pat gen moun nan mitan kominote a ki gen nesesite.

887

888 Nou rete kwè ke lè nou ap bay, se paske nou konnen nou gentan resevwa sa nou
889 bezwen an. Menm jan otè 1 Jan di «Pou nou menm, nou gen renmen nan kè nou paske
890 Bondye te renmen nou anvan,»⁹⁹ nou bay paske Bondye te ban nou anvan. Lè nou bay,
891 se pa tante nou ap tante Bondye pou li beni noum, men se paske nou rekonèt Bondye
892 te gentan aji pou nou (pou byenèt kreyasyon an), epi nou rekonesan pou sa. Epi, kòm
893 nou se disip ki ta renmen wè Wayòm Bondye desann sou tè sa, lè nou bay, nou se yon
894 ajan pou chanjman ak transfòmasyon. Se yon siy pou nou rekonèt Bondye ki ap travay
895 nan nou.

896

897 Nou mèt kwè ke Bondye vle pou tout kreyasyon an ap viv ansanm, nan linite. Nou kwè
898 tou, ke lanmò ak rezireksyon Jezi se yon temwayaj ke Bondye te venk lanmò ak tout
899 dyab la.¹⁰⁰ Men, Wayòm Bondye a, menm si li kòmanse manifeste, li poko revele tout
900 bon nan mitan nou. Gen pouvwa ki ap aji kont travay ak volonte Bondye ki antre nan kè
901 lòm ak strikti ki fè nou ap abize epi nou pa konn kijan pou nou itilize resous materyèl ak
902 imen yo. Rasis ki nan mitan sistèm yo, pa egzant, ap kontinye bay tout yon klas moun
903 pwoblèm akòz koulè po yo. Sistèm yo anpeche yo jwi kèk bagay, epi li anpeche
904 jenerasyon ki gen pou vini yo konbat ak pòvreté ak opresyon. Se pa paske moun ki nwa
905 yo pa gen lafwa kifè yo ap souffri nan sistèm sa. Se paske kominote sa yo pa pataje epi
906 bay san yo pa gad dèyè kifè resous yo pa depase nan lavi yo ak vwazinaj yo. Nan ka
907 sa, nou wè «levanjil pwosperite» a paka fè anyen paske yo genyen yon lòt definisyon
908 sou sa yon bon jeran ye pou legliz la ak lemonn nan. Bon jerans lan ak lajistis yo
909 ansanm, paske lè resous yo byen jere, li pèmèt yo envesti resous yo pou nou ka chanje
910 sistèm yo pou yo kapab respekte diyite imen yo.

911

912 ***Jerans se yon Transfòmasyon :*** Nou kwè se volonte Bondye pou latè a beni ak tout
913 sa ki ladan l. Bondye vle pou tout kreyasyon li viv byen epi pou kreyati imen yo pran

⁹⁹ 1 Jan 4:19

¹⁰⁰ Kol 1:20

914 swen kreyasyon an epi fè li viv lontan. Lè nou pa fè sa, Bondye voye pwofèt pou yo
915 avèti nou ke nou responsab; epi menm vwa pwofetik sa yo toujou gen vizyon lemonn
916 jan Bondye vle pou li ye a. Lè nou ap viv nan monn nan jan Bondye vle pou nou viv la,
917 Bondye rekonpanse nou ak sa ke nou dezire paske li vle pou nou viv nan abondans. Lè
918 nou deside pou nou swiv pwòp chemen pa nou, se mache nap mache nan direksyon
919 malè ak famin.

920

921 Lemonn fann an miyèt mòso, men fòk nou gen lafwa. Nou dwe kwè bagay yo pap rete
922 konsa. Nou kwè nan pouvwa Jezi, ke Wayòm Bondye kòmanse ap manifeste pouvwa li
923 tou epi anyen paka kenbe li. Kounya, eske nou deside pou nou patisipe nan
924 manifestasyon Wayòm nan? Bondye ap travay pou li defann kòz pòv yo, ak sa ki pèdi
925 dwa yo ak sa yo mete apa yo! Lik di, pandan Jezi *te nan vant manman li*, nan ministè li
926 « Li toujou ap gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li. Li fè lèzom santi fòs pònyèt
927 li. Li fè moun ki gen lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo. Li desann chèf ki te byen
928 chita nan fòtèy yo. Li leve moun ki pa gen pretansyon yo. Li bay moun ki grangou yo
929 anpil byen. Li voye rich yo ale san anyen.»¹⁰¹ Jan nou wè bagay yo ye a, yo pa ta
930 sipoze konsa, men akòz Jezi, yo pap rete konsa!

931

932 Volonte Bondye gen pou li akonpli. Lè disip Jan Batis yo te vinn wè Jezi paske Jan te
933 nan prizon, Jezi reponn kestyon yo paske yo t'ap mande tèt yo si pou yo t'al chèche yon
934 lòt moun epi li di yo : «Ale rakonte Jan sa nou sot wè ak sa nou sot tande la a : je avèg
935 yo louvri, moun ki t'ap bwete yo mache byen, moun ki te gen maladi lalèp yo geri, moun
936 soudè yo tande, moun mouri yo leve, pòv yo tande bòn nouvèl la.»¹⁰² Pwomès
937 transfòmasyon sa pap pran tan pou li reyalize non; ministè Jezi a ap manifeste kounye
938 a.

939

940 Nan chak levanjil sinoptik yo, Jezi bay disip yo misyon pou yo fè menm bagay yo.¹⁰³
941 Levanjil Jan an ap di nou ke Jezi bay pwomès sa ke moun ki ap swiv li yo ap «menm
942 rive fè pi gwo bagay toujou».¹⁰⁴ Travay disip yo, ki se travay legliz la, se travay Jezi tou.
943 Se pandan nou ap ajì nou ap wè Wayòm Bondye a manifeste epi jou pou li vini a ap
944 rapwoche. Liv Travay la montre nou kijan legliz la ta sipoze ye lè li kite Sentespri dirije li.
945 Yon gwoup moun ki te pè pou yo wè demen, pran fòs nan Sentespri a jou Pantkòt la,
946 epi se wè y'ap wè y'ap preche levanjil la (se jerans lan ki an aksyon). Tout moun ki
947 tande mesaj la epi ki aksepte li, Sentespri bay yo fòs, epi yo antre nan kominote kote
948 tout moun nan menm nivo epi kote nou ka adore Bondye ansanm, kote ansèyman apot
949 yo, kote yo separe pen, epi priye ansanm nan nouvèl vi sa.

950

951 Kominote sa fè nou wè prezans Jezi, paske nou wè siy ak pwodij apot yo fè epi paske
952 yo mete tout sa yo te genyen yo ansanm. Sa ki pi enpòtan an yo mete resous yo
953 ansanm : « yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an an pami yo tout, dapre
954 nesosite chak moun. Toulejou, yo tout te reyini ansanm nan tanp lan. Yo te konn separe
955 pen an bay tout moun nan kay yo, yo te manje ansanm avèk kè kontan san okenn

¹⁰¹ Lik 1:50-53

¹⁰² Lik 7:22-23

¹⁰³ Mat 10:5-15; Mak 6:7-13; Lik 9:1-6

¹⁰⁴ Jan 14 :12. Li enpòtan pou nou eksplike ke sa pa vle di ke sa nou pral fè yo ap genyen plis pouvwa ke Jezi, men kòm ap gen plis disip ki ap ajì, se nan sans sa ap nou ap fè pi gwò bagay toujou.

pretansyon. Yo t'ap fè lwanj Bondye. Tout moun te renmen yo. Chak jou Bondye t'ap mete lòt moun li t'ap delivre yo nan gwoup la.»¹⁰⁵

Lè nou ap panse ak sijè jerans lan, se yon ankourajman. Lè legliz la deside pou li preche levanjil ak pataje tout sa li genyen epi separe nan mitan kominote a pou pa gen nesesite, legliz sa ap grandi! Nou ap viv nan yon tan kote legliz ap chèche pou li jwenn plas li nan yon kilti ki ap chanje, legliz sa ap mande pou jerans lan genyen yon plas enpòtan ki ap pèmèt nou mache. Olye pou nou gade fenomèn sosyete a aksepte a kote se moun ki visye ak moun ki ap chèche konble bezwen pa yo sèlman ki ladann, an nou chèche itilize sa yo genyen yo pou nou kapab transfòme lavi pa yo, men pou nou chanje monn kote y'ap viv la.

Dènye mo yo :

Menm si nonm lan pa menm nan tout sous yo, pifò nan yo dakò ke labib pale de lajan ak tout sijè ki an rapò ak finans yo anviron 2 300 fwa! Anpil moun ki etidye Dezyèm Kontra di ke Jezi pale de lajan (epi li itilize mo ki genyen rapò ak finans) nan plis ke 60% diskou li a. Nou kapab wè se yon sijè ki trè enpòtan nan Kanon an, pa gen manti nan sa. Li patap reyalis si nou te panse nou kapab pale de tout sa sijè sa genyen anndan li nan dokiman sa. Men, nou te eseye bay yon ide jeneral epi laj, nou itilize de Kontra yo, ki pèmèt nou afime kèk konklizyon ki solid epi ke nou kapab itilize pou nou dirije legliz la.

Kòm nou jwenn anpil tèks ki pale sou sijè sa, nou wè li biza ke legliz, nan 50 dènye ane yo, te eseye separe sijè lajan ak sijè lafwa komsa yo pa gen rapò. Epi, menm si se yon sijè ki sansib, legliz deside pou li separe konsekans politik ki relye ak sijè sa ak tout pouvwa sa ki kapab konekte anpi yo epi enpakte kominote yo.

Nou gen yon tradisyon nan kwayans nou kote nou pratike yon «konfesyon lafwa» nan Jezi-Kri ki se yon ekspresyon dezi kè nou pou nou rekonsilye ak Bondye, epi li pèmèt dezi sa konble nan Jezi-Kri. Li pa nan lide nou pou nou nye relasyon yon moun te kapab genyen ak Jezi. Men, si yon moun deside mete lafwa li nan Jezi an prive san li pa nan yon kominote, li limite tèt li epi li pa nan sans Bib la lè li ap dekri lafwa ki sipoze devlope nan kominote a. Nou wè sa nan Premye ak Dezyèm Kontra a, epi li patap reprezante legliz primitif nou wè nan liv Travay Apot yo. Menm si yon moun ta deside kenbe lafwa li pou pwòp tèt li, fòk li ekspriye li bay lòt moun paske se pa pou li sèlman li ap viv.

Lafwa Kreytyèn nan monn kontanporen ki ap viv nan pati wès sou tè a vinn tèlman endivizyalist, epi chak moun vle fè eksperyans pèsonèl li, san li pa nan yon kominote kote moun ka wè li, kote nou pa santi nou gen responsabilite pou nou chèche byenèt tout moun, epi kote nou separe nou de kèk aspè materyèl nou te ka jwi nan lavi a. Sa pa yon bon jerans, paske bon jerans lan wè chak endividi, men endividi sa yo dwe fè pati yon pi gwo rezo relasyon. Pou jerans Kreytyèn nan, nou wè monn lan tankou yon gwo gwoup epi nou ap chèche byenèt nou kapab wè ak je nou pou kominote a.

¹⁰⁵ Tra 2:45-47

Legliz la ta sipoze panse pale ankò sou aspè kominote a nou sipoze viv nan lafwa sa nou ap pataje a. Yo di sa nan tou de Kontra yo, delivrans ak benediksyon pa la pou yon grenn moun sèlman, men pou kominote yo. Priyè Jezi te repete chak dimanch lan fè distenksyon sa : « Papa *nou*... Manje *nou* bezwen an, ban *nou* *L jòdi a*...Padonnen tout sa *nou* fè ki mal menm jan *nou* padonnen moun ki fè *nou* mal...Pa kite *nou* nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men, delivre *nou* anba Satan.» Esperans nou genyen pou Wayòm nan vini ak tout dezi nou pou nou jwenn manje, pou nou viv anba fidelite ak pwoteksyon Bondye, tout sa yo pou kominote a, pa sèlman pou yon grenn moun. Li te mèt nan pwomès Bondye te bay Abram nan « Gremesi ou, **tout** nasyon sou latè va jwenn benediksyon»¹⁰⁶ oswa nan deklarasyon Kristolojik nan liv Kolosyen «...se li menm tou ki te vle fè **tout bagay** byen avè li ankò, gremesi Kris la, tou sa ki sou latè ak tou sa ki nan syèl la. Li mete lapè toupatou, gremesi san Kris la ki koule sou kwa a,»¹⁰⁷ sa Bondye ap fè yo se pou benefis chak grenn moun lè yo asosye yo avèk ak anndan kominote yo.

Nou tap jwi anpil privilèj si legliz lokal nou yo ansanm ak Legliz Kretyèn (Disip Kris) te kòmanse reflechi sou kijan nou te kapab montre ke li enpòtan pou nou «manm yonn lòt» pou nou kapab viv kòm disip nan yon esprityalite ki vrè. Nou remake nan kòmansman syèk sa, patisipasyon nan adorasyon legliz yo komanse bese. Epi, prezans moun ki konn al legliz la bese, li te konn 4 dimanch pa mwa epi kounya nou wè li mwens ke 2 dimanch pa mwa. Sa vle di genyen yon gwo risk pou moun yo pa santi yo konekte ak legliz yo. Ki mwayen nou te ka itilize pou manm nan legliz yo kapab konekte?

Ipotèz :

Jerans lan se yon disiplin esprityèl. Se pa yon mo relijye nou itilize pou nou ranmase lajan. Jerans lan trè enpòtan nan devlopman etid, adorasyon, lapriyè epi sèvi yonn lòt. Konpreyansyon biblik sou jerans lan montre nou ke li afekte tout aspè lavi nou epi baz li se nan lanmou ak pwovizyon depase nou jwenn nan Bondye.

Jerans lan, se yon kestyon de chwa, anpil pati ladanl gen rapò finansye epi rapò ak sa nou posede. Sa vle di tou pou nou viv nan rekonesans ak konpreyansyon ke tout sa nou genyen, tout sa nou ap pataje, epi tout sa nou konnen se yon kado ke nou pat fè anyen pou nou jwenn li. Jerans lan se yon konpreyansyon ke lavi a se yon kado epi se gras ki fè nou genyen li.

Lè nou konprann ke nou se jeran, se yon bagay tout kretyen ta sipoze konnen, se yon eleman ki enpòtan si nou vle byen viv ansanm, epi li nesesè si nou vle obeyi kòmandman pou nou renmen tèt nou ak vwazen nou. Nou kapab jwenn aksyon yon jeran lè nou gade kijan Bondye te pran swen pou li fè kreyasyon an, nan respektè jou Senyè a, nan kijan nou pran swen kò nou ak lespri nou, nan kijan nou ap preche levanjil la, epi sou kijan nou ap jere byen materyèl nou yo. Tout bagay ki nan lis sa yo pa obligatwa, men se yon egzanmp nou vle anseye, epi se premye pwèn nou ta sipoze itilize pou nou diskite pi plis sou sijè a.

¹⁰⁶ Jen 12:3

¹⁰⁷ Kol 1:20

1044

1045 Yon legliz ki deside aplike yon ti pati nan jerans lan tankou fè bidjè pou ranmase lajan,
1046 pran swen lokal legliz la, epi egzamine kijan nou kapab fè legliz la mache tankou yon
1047 òganizasyon osinon yon enstitisyon; bagay sa yo fè ke legliz la panse a tèt li sèlman, li
1048 pa gen posibilite pou li pataje jan li ta renmen an, kidonk li paka renmen vwazen li yo
1049 jan li ta sipoze renmen yo, li paka resevwa etranje a, li paka defann kòz (oswa pran
1050 swen) pòv malere yo, epi li ap trè difisil pou legliz sa kraze tout règ kiltirèl yo ki te ka
1051 diminye oswa toupizi lòt moun. Yon kominote konsa, li pè famin epi sa konn fè li ap
1052 plede ranmase resous ak pran sa vwazen li ak etranje a genyen paske li pè pou li pa
1053 gen ase pou tèt li. Tout sa li te ka di ki pwofetik, li ajiste li pou li pa deranje manm yo
1054 (sitou moun ki ap kontribye yo), ki te ka santi yo byen nan kijan kilti legliz la ye kounya
1055 epi ki ap envesti (ke yo konnen ou byen yo pa konnen) pou yo kite bagay yo jan yo ye
1056 a.

1057

1058 Yon legliz ki deside pratike jerans lan pral wè fwi devosyon li, pa sèlman paske li jere
1059 resous li byen, men li pral defann kòz malere yo, yon moun ki deside bati yon kominote
1060 ak vwazen li, li ap resevwa moun, li pral defann pòv yo ak sa ki pèdi dwa yo.
1061 Natirèlman, legliz ap santi li fè fas ak tout definisyon ki pa respektè nati pitit Bondye yo.
1062 Yon legliz kwè nan tèt li epi li pale sa ki vrè nan mitan kilti sa paske li kwè Bondye ap
1063 pran swen li epi li ap bay depase, kidonk legliz sa pa pè pou famin. Li viv epi li akonpli
1064 misyon epi ministè li ap vane.

1065

1066 Daprè rechèch ki fèt, yo di ke lè yon legliz ap grandi, li an sante, li genyen ministè ki ap
1067 panse ak lòt moun, *li ap panse pou vwazinaj* lan ak moun ki an deyò legliz la.¹⁰⁸ Menm
1068 jan, yon bagay nou toujou wè nan legliz ki ap soufri yo, se paske yo panse a tèt yo epi
1069 yo vle sèvi tèt yo (se pa paske kè yo pa bon oswa yo gen move lide) anndan kat mi
1070 kongregasyon yo a, *se lavi y'ap chèche*. Si nou pa kwè nan rezilta rechèch sa, se pou
1071 nou li ka pa bon.

1072

1073 Rechèch la kontinye pou li di ke legliz ak kominote lafwa yo ki konprann epi ki deside
1074 viv bon jerans lan nan tout sans li, sa vle di li pratike jenerozite a, sanble yo gen plis
1075 resous pou yo akonpli misyon sa Bondye te bay yo. Non sèlman yo ka fè sa, yo genyen
1076 kapasite pou yo pataje resous (imen ak finansye) yo ak patnè yo ansanm ak tout sa yo
1077 genyen pou yo kapab viv gwo vizyon Bondye te ban nou a : *Pou nou yon mouvman ki*
1078 *ap chèche linite nan yon monn ki fann an miyèt mòso.*

1079 **Konsidere sigjesyon sa yo:**

- 1080 1. Nou pa dwe pè pou nou atann nou ak anpil bagay lè nou ap reflechi sou kisa sa
1081 vle di pou yon moun swiv Jezi-Kri. Legliz ta dwe etidye istwa jerans lan epi
1082 anseye sou jerans lan kòm yon fason pou nou fè disip. Li ta dwe anseye li ak lidè
1083 yo, manm yo ak tout moun ki afilye ak legliz la.
1084 2. Pastè yo, ansyen an ak tout moun ki gen otorite ta sipoze pratike jenerozite
1085 paske se yo ki ap trase egzanp lan.

¹⁰⁸ Barbara Lynn Fullerton, *Growing Generosity: Identity as Stewards in the United Church of Canada*, May 2009.

- 1086 3. Legliz la ak tout depatman li yo ta dwe evalye kijan li ap fonksyone sitou sou sijè
1087 anviwònman. Kijan yo depanse enèji, dlo, resous ki renouvlab yo, si yo aplike
1088 pensip « redwi, retilize epi resikle » a, ak tout efò pou yo pa abize tè a, bagay sa
1089 yo ta dwe evalye ak kijan nou ka fè pou nou ka konsève latè. Si yon legliz deside
1090 fè sa, li ap ankouraje manm yo pou yo aji menm jan.
- 1091 4. Legliz ta sipoze reflechi sou nati avaris ki nan kilti nou ansanm ak konsekans yo
1092 si nou kontinye itilize resous yo san nou pa asire nou ke y'ap la toujou. Epi, anpil
1093 dè fwa, li pa bon pou anviwònman an ak tout frè ak sè nou yo. Kijan nou te ka
1094 chanje jan nou ap panse sou sa nou bezwen? Kijan nou ka defann kòz sa ?
- 1095 5. Legliz yo ta sipoze pratike jenerozite a, epi li ta dwe panse pou yo itilize pi piti
1096 10% nan resous yo pou yo investi yo nan kòz ki pa gen rapò ak legliz la. Si nou
1097 vle anseye sou ladim, nou dwe trase egzanp lan.
- 1098 6. Li enpòtan pou misyon an klè si nou byen investi resous yo, legliz yo ak
1099 òganizasyon ki afilye ak legliz yo ta dwe kreye oswa evalye plan ministè yo ankò
1100 pou yo kapab wè si yo toujou kapab reponn ak bezwen legliz la ak tout kontèks li.
1101 Lè moun yo kwè yon òganizasyon ap ede moun epi li ap byen jere lajan yo, li pi
1102 fasil pou yo bay.
- 1103 7. Pou yo kapab reyisi nan finans yo (epi pou yo kapab fè moun fè yo konfyans),
1104 kongregasyon yo ak tout ministè ki gen rapò ak legliz la ta dwe respekte egzanp
1105 ki egziste nan endistri a sou kijan pou yo jere lajan ak resous finansyè yo. Yo ta
1106 sipoze toujou swiv epi aplike règ sa yo san gade sou gwosè legliz la oswa sa li
1107 ranmase/depanse chak lane : transparans, kontwòl entèn, evalyasyon, fè bidjè,
1108 fè rapò ak tout sa legliz posede ansanm ak dèt yo ak tout polis fiskal.
- 1109 8. Pwiske lajan konn fè moun oswa fanmi pè, legliz la ta sipoze anseye sou finans
1110 pèsònèl ki te ka montre moun yo ke lè yo jere lajan yo byen, sa ap pèmèt yo bay
1111 lajan tou.
- 1112 9. Legliz ta sipoze anseye timoun, jèn moun, ak jèn adilt yo sou pouvwa lajan, kijan
1113 nou dwe itilize li, byenfè yo, risk yo, ak kijan pou yo jere li; li fè pati de angajman
1114 nou genyen pou nou anseye sou jerans bibliik la epi li ap pèmèt lafwa yo grandi.
1115 Li ta sipoze konsa pou tout legliz la, paske lè nou jere resous nou (natirèl, imen
1116 ak ekonomik) li pèmèt ke nou asire byenèt latè sou yon peryòd tan ki long. Non
1117 sèlman pou latè, men pou tout kreyasyon Bondye a.
- 1118 10. Legliz ta sipoze pale de jerans lan pandan tout ane a. Li pata sipoze yon sijè n'ap
1119 debat lè nou ap sanble lajan pandan yon 3 semèn konsa (epi se sèlman pandan
1120 tan sa ou t'ap tande pale de jerans lan), men nou ta dwe fè yon jan pou nou
1121 toujou ap pale de tout aspè jerans lan, sa t'ap pi bon.
- 1122 11. Kominote ki kwè yo ta sipoze konprann enpòtans pou diskite ak manm yo pou yo
1123 genyen yon testaman *epi* kongregasyon an ta sipoze genyen yon pati nan
1124 testaman ki di li ap resevwa yon don. Li ap mye si nou fè sa konsa olye pou se
1125 nan redi pou legliz la jwenn don sa! Nou dwe anseye sou jerans lan, fòk nou
1126 enkli jerans lan lè moun nan pral mouri. Lè nou fè sa, l'ap vin yon abitud olye nou
1127 wè li tankou yon sipriz. Don sa yo kapab ede ministè ansanm ak misyon legliz la
1128 oswa yon enstitisyon ki gen rapò ak legliz la, y'ap grandi.
- 1129 12. Kongregasyon ansanm ak lòt òganizasyon ki gen rapò ak legliz la ki gen
1130 posasyon yo, yo ta dwe genyen yon plan pou eritaj yo epi règ yo ta sipoze klè
1131 pou yo ka konnen kisa pou yo fè si yo fèmen.

- 1132 13. Li enpòtan pou nou reflechi ak lapriyè anpil sou kisa sa vle di pou yon moun
1133 afilye ak Legliz Kreyen (Disip Kris), epi nou dwe etidye anpil si lajan ke nou ap
1134 bay pou nou ede legliz sa yo pral sèvi pou yo ede lòt moun, depi nan pa pòt kay
1135 nou jiskaske nou rive jwenn bout tè a. Sou kisa relasyon nou yo chita? Kijan nou
1136 sipòte youn lòt pou nou kapab santi ke nou gen menm langaj ak menm
1137 temwanyaj?
- 1138 14. Tout desizyon ki gen rapò ak lajan ta dwe reponn ak misyon an ak ministè a
1139 premyèman. Bidjè yo ta sipoze nan avantaj legliz la, li pata sipoze yon lòt jan.
1140 Tout strikti òganizasyonèl ki gen responsabilté fidisi yo nan legliz la ta dwe itilize
1141 sa kòm yon règ ak yon pratik kiltirèl.

1142 **Aplikasyon Pratik pou Jerans lan pou Tan nou ak Pozisyon nou nan 21^e syèk la**
1143 ***Yon Kontèks sou pèspektiv global Jerans lan*** : Nou remake te gen chanjman nan
1144 monn sosyo-politik la ki fè ke nou dwe gen yon bon konpreyansyon sou jerans lan
1145 paske legliz la dwe negosye pou li jwenn plas li nan kòmansman 21^e syèk la. Nou
1146 obsève separasyon nan pati Wès nan Ewòp la, lòt gouvènman ki ap antre nan sid
1147 Lanmè Lachin nan, ak yon tandans nasyonalis politik nan Etazini, tout sa yo montre nou
1148 ke nasyon yo ap fè konpetisyon (olye pou yo ta ini yo) pou yo kapab apa, pou yo jwenn
1149 plis privilèj (pouvwa ekonomik). Lè konsa, li vinn kache siy ki kapab fè nou rekonèt
1150 Wayòm Bondye a, menm jan yo eksplike li nan de Kontra yo, paske : a) li pa respekte
1151 lide kote nou ankouraje pou nou resevwa etranje yo (paske nasyonalis la fè moun pè
1152 etranje yo), epi b) Kòm richès la se nan men yon ti gwoup li ye epi y'ap gouvène, sa pa
1153 ankouraje pou moun pataje richès ekonomik la nan *tout kominote a*.

1154
1155 Si nou al gade nan listwa, nou wè ke si yon nasyon deside pou li pawasyal oswa pou li
1156 pa kowopere nan sijè pou nou mete limit nan kijan nou ap jere resous yo ak faktè
1157 ekonomik la, ap gen anpil konfli nan mitan li. Sikonsans sa yo konn fè resous yo pa
1158 investi nan kote ki ap ankouraje lavi, epi lè gen yon konfli, yo pap pè pou yo touye
1159 moun oswa detwi anviwònman an. Konfli an te mè « fwa » oubyen yon gwo gè te ka
1160 eklate nan peyi a, viktim zak sa yo se moun ki pòv yo ak sa yo mete apa yo, epi yo ap
1161 soufri nan yon jan ke nou patap kab imajine.¹⁰⁹ « *Chak zam yo kreye, chak bato gè yo*
1162 *voye, chak fize yo tire, se vòlè nou ap vòlè moun ki grangou yo epi ki pa gen anyen pou*
1163 *yo manje ansanm ak sa ki frèt yo epi ki pa gen kay kote pou yo rete.* »¹¹⁰

1164
1165 Si jerans bibliik la ban nou yon reyalite ki depann de si nou kreye yon bèl kominote,
1166 ansanm ak bon jerans posasyon yo pou nou kapab pataje richès ki sòti nan resous tè a
1167 pou tout moun kapab viv byen, e byen, legliz la ta dwe enterese pou li reprezante jerans
1168 lan nan kontèks pa nou an.

¹⁰⁹ Si nou gade nan yon nivo elemantè, lè yo ap pale de kijan yo investi resous nan konplèks militè/endistri yo nan yon tan ki gen konfli, yo ka deside pa investi resous sa yo nan lonje men bay pòv yo ki enkli : manje, swen sante ak kay. Men se pa pou pòv yo sèlman. Nou ka panse ak tout sa ki gen dwa anrichi lavi jeneral peyi a tankou pak rekreyasyon yo, investi nan bagay atistik, enfrastiktik jeneral, investisman nan rechèch ki pa gen rapò ak bagay militè yo ak edikasyon. Lè konfli a transfòme an gè, viktim sa yo vinn tounen « domaj kolateral »; yo pèdi kay yo, yo pa ka jwenn resous pou yo viv, epi yo devni refijye kote lòt gouvènman ap pran swen yo ak rekonfòte yo.

¹¹⁰ Dwight D. Eisenhower, 34^e prezidan Etazini.

Yon bèl egzanj de yon pwoblèm Sosyal e Politik selon Jerans lan : 3 Janvye 2017,
yo chanje yon lwa nan Bidjè Kongrè a epi yo te voye yon ti nòt piblik sou li. Chanjman
sa ka gen enpak sou aspè anviwònman ak sou konsantrasyon richès ki nan Etazini.
Règ sa te vle pou yo bay sektè prive a dwa pou yo vann oswa transfere tè ki leta yo.
Lwa sa ki ta vle parèt kòm si li pap deranje anyen, menm lè endirèteman li ka deranje,
ebyen li bay posibilite pou yo vann bout tè ki pou leta yo (tè ki anrejistre nan patrimwàn
peyi Etazini) bay konpanyi, ou byen yo ka vin pou sektè prive ya, konsa yap kapab
eksplwate resous natirel ki ladan yo tankou se te byen prive yo¹¹¹. Pliske Legliz la
konsène nan jerans tè ak kijan nap jere resous ki disponib pou tout moun, nou oublije
fouye bouch nan koze sa. Se youn nan egzanj sou kijan jerans lan gen plizyè branch –
nan ka sa, se pati ekonomik lan ak kijan pou nou pran swen tè¹¹² ya.

Sa se de fason senp ki montre kijan nou kapab aplike jerans lan nan tan nou ye a ak
nan kote nou ye ya. Nou te ka pran on pakèt lòt egzanj ankò paske genyen anpil. Nou
bay de egzanj sa yo pou nou ka wè ke gen plis bagay toujou pou nou diskite nan tan
kap vini yo a mezi ke Legliz Kreyòl (Disip Kris) yo ap devlope nan nivo lokal, rejyonal
epi tout lòt kote.

Denyè kòmantè: Legliz Kreyòl (Disip Kris) genyen yon plas espesyal pou tan sa ak
plas sa, sitou paske nou ap chèche pou nou atire « jenerasyon ki ap vini yo ». Gen anpil
etid ki ap di ke moun ki nan jenerasyon «Milanyòm » ak jenerasyon X yo pa enterese ak
relijyon yo paske yo wè yo pa itil, yo fanatik epi yo pa enteresan. Metòd nou itilize pou
nou li Bib la pèmèt ou pa oblije fè lekòl pou ou fè levanjil. Deklarasyon nou kote nou
kwè Bondye akeyi tout moun sou Tab li a, se yon diskou ki ap pale ak jenerasyon sa ki
ta renmen retire fanatis ak lenjistis kote nou ap mete moun apa akòz jan yo ap panse.
Sa yo se mete y'ap mete moun nan yon klas apa epi li pa gen itilite. Nan estrikti pa nou,
kote nou vle mete aksan sou prensip alyans lan, li atire jenerasyon ki ap chèche vrè
relasyon olye pou yo rantre nan yon institisyon. Libète nou, ki se yon otonomi lokal,
pèmèt nou kapab adore, jwenn fòmasyon espirityèl ak misyon ki reponn ak bezwen ki
nan kontèks sa pou kominote nou yo. N'ap fè efò pou nou kapab genyen enpòtans
toujou epi pou nou kapab adapte nou.

Nou pa gen chwa aksepte ke nou dwe grandi nan syèk sa, epi sa ki fè nou paka grandi
se paske nou pa envite youn lòt pou pataje istwa nou. Nou ap kache limyè nou anba
yon tab. Fòk nou fè ansèyman sou jenerozite finansyèl a pou misyon rekonsilyasyon
Legliz la kapab akonpli, nan 21^e syèk sa, nou dwe ajoute sou sa yon zèl pou nou
evanjelize epi aksepte pou nou kapab yon bon jeran levanjil la. Se yon bagay ki trè
enpòtan nan tan sa kote nou jwenn anpil divizyon nan kilti yo, epi se kote legliz la ye
kounya pandan nou ap li dokiman sa. Nou genyen yon gwo trezò ki se lespwa ki kapab
reyini moun kèlkeswa jan li te ye a, paske pa gen anyen ki ka separe nou de verite sa:
nou se pou Bondye, epi nou fonn youn nan lòt.

Men yon vizyon pwofèt Ezayi (nan Chapit 55) nou ap itilize kòm dènye refleksyon nou:

¹¹¹ David Horsey, “The Los Angeles Times”, 5 janvye 2017

¹¹² Pati sa konsène kontèks politik ak lwa ki ap defann kijan pou yo eksplwate min yo, forè yo ak lòt endistri ki
gen gwo lajan paske gen anpil fason yo ka limite pwodiksyon.

1213 ¹ Vini non, nou tout ki swaf dlo.
 1214 Men dlo!
 1215 Vini non, nou tout ki pa gen lajan,
 1216 nou mèt vini. Achte manje pou nou manje.
 1217 Nou pa bezwen lajan! Achte diven ak lèt pou nou bwè.
 1218 Nou pa bezwen peye!
 1219 ² Poukisa n'ap depanse lajan achte manje ki pa ka fè anyen pou nou?
 1220 Poukisa n'ap depanse lajan travay nou pou bagay ki pa ka plen vant nou?
 1221 Si nou koute byen sa m'ap di nou la a, n'a manje sa ki bon.
 1222 N'a pran plezi nou nan manje bon kalite manje.
 1223 ³ Louvri zòrèy nou. Vin jwenn mwen.
 1224 Koute byen sa m'ap di nou, n'a jwenn lavi.
 1225 M'ap siyen yon kontra ak nou pou tout tan.
 1226 M'a ban nou benediksyon mwen te pwomèt David yo.
 1227 ⁴ Gade. Mwen te fè l' chèf pou l' te kòmande nasyon yo.
 1228 Mwen te fè l' sèvi m' temwen nan mitan yo.
 1229 ⁵ Gade, ou pral rele nasyon ou pa t' konnen.
 1230 Nasyon ki pa t' konnen ou pral kouri vin jwenn ou.
 1231 Se mwen menm, Seyè a, Bondye ou la, Bondye apa pèp Izrayèl la,
 1232 k'ap fè sa rive konsa, paske m'ap leve ou anlè.
 1233 ⁶ Tounen vin jwenn Seyè a, pandan nou ka jwenn li an.
 1234 Lapriye nan pye l' pandan li toupre nou an.
 1235 ⁷ Se pou mechan yo kite move chemen y'ap swiv la.
 1236 Se pou malveyan yo wete move lide k'ap travay nan tèt yo.
 1237 Se pou yo tounen vin jwenn Seyè a ki va gen pitye pou yo.
 1238 Se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l'ap padonnen tou sa yo fè.
 1239 ⁸ Lide pa m' pa menm ak lide pa nou.
 1240 Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m'. Se Seyè a menm ki di sa.
 1241 ⁹ Menm jan syèl la byen lwen anwo latè,
 1242 se konsa lide pa m' byen lwen anwo lide pa nou,
 1243 chemen pa m' byen lwen chemen pa nou.
 1244 ¹⁰ Gade! Lapli ak lawouze soti nan syèl la,
 1245 yo pa tounen kote yo soti a san yo pa wouze latè,
 1246 san yo pa fè l' donnen, san yo pa fè plant yo pouse pou bay kiltivatè yo grenn pou yo
 1247 simen ak manje pou yo manje.
 1248 ¹¹ Konsa tou pou pawòl ki soti nan bouch mwen:
 1249 li p'ap tounen vin jwenn mwen san li pa fè sa m' te vle l' fè a,
 1250 san li pa fè tou sa mwen te voye l' fè a.
 1251 ¹² N'a kite lavil Babilòn ak kè kontan.
 1252 Y'a mennen nou tounen lakay nou ak kè poze.

1253 Gwo mòn yo ak ti mòn yo va pran chante pou nou
1254 sitèlman y'a kontan.
1255 Tout pyebwa nan plenn yo va bat bravo pou nou!
1256 ¹³ Pye pichpen va pouse kote ki te plen pikan.
1257 Pye ilan-ilan va pouse kote ki te plen chadwon.
1258 Sa va sèvi yon lwanj pou Seyè a, yon remak k'ap la pou tout tan,
1259 yon siy pesonn p'ap ka detwi.¹¹³

¹¹³ Tèks bibliik sa ak tout lòt pasaj nou itilize yo sòti nan vèsyon kreyòl Ayisyen edyson 1999.